ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ
БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ
ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

ТАРИЙХ ҲӘМ ҲУҚЫҚ ФАКУЛЬТЕТИ

ҚАННАЗАРОВ НУРЛАН КӨБЕЙСИНОВИЧ

# МҮЛКИЙ ҲУҚЫҚЛАР ХОЖАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫНЫҢ ОБЪЕКТИ СЫПАТЫНДА

темасында

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИЙГЕЛИК ЖУМЫСЫ

Илимий басшы: ю.и.к. Қ.К.Низаматдинов

НӨКИС-2012

**ТЕМА: МҮЛКИЙ ҲУҚЫҚЛАР – ХОЖАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫНЫҢ ОБЪЕКТИ СЫПАТЫНДА**

## М А З М У Н Ы :

**К И Р И С И Ў..........................................................................................3-5**

I БАП. ХОЖАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫНДА МҮЛКИЙ ҲУҚЫҚЛАР ҲАҚҚЫНДА УЛЫЎМА ҚАҒЫЙДАЛАР.............................................................6-30

1.1. Мулкий ҳуқыклар түсиниги ҳәм мазмуны......................................6-17

1.2. Хожалық ҳуқықында мүлкий ҳуқықларды тәмийинлеўдиң тийкарғы прнциплери..........................................................................17-25

1.3. Мүлкий ҳуқықлардың өзине тән өзгешеликлери...........................26-30

II БАП. ХОЖАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫНДА МҮЛКИЙ ҲУҚЫҚЛАР ТҮРЛЕРИ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ЮРИДИКАЛЫҚ ТӘБИЯТЫ............................31-61

2.1. Хожалық ҳуқықында затлық ҳуқыклар мүлкий ҳуқықлардың бир түри сыпатында.........................................................................31-37

2.2. Миннетлемелерге тийкарланған мүлкий ҳуқықлар ҳәм олардың өзине тән өзгешеликлери...............................................................38-46

2.3. Мүлкий ҳуқықлар сыпатында абсалют ҳуқықлар хәм оларды қолланыў мәселелери...................................................................47-61

**ЖУЎМАҚЛАЎ............................................................................................62-64**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ....................................65-70**

# К И Р И С И Ў

Базар қатнасықларының барған сайын тереңлесип барыўы, жаңадан-жаңа мүлкдарлар топарының кәлиплесиўи бүгинги күндеги раўажланыўдың миллий модели турмыста қаншелли дәрежеде өзин ақлап атырғанлығынан дерек береди. Себеби, хәр бир тараўда болғаны сыяқлы исбилерменлик ҳәм оның ушын жаратып берилип атырған имканиятлар усы саладағы мүлкий қатнасықлардың да көлеминиң артып барыўына ҳәмде олардың усы ҳуқықый қатнасықларда өз мүлкине болған ийелик сезимлерин пайда етиўге ҳәм оннан нәтийжели түрде пайдаланыў жуўапкершилигин өз мойнына алыўына беккем тийкар есапланады. Бул бойынша әмелге асырылған жумыслардың нәтийжеси ҳаққына Президентимиз И.А.Каримов соны атап өтеди, “бир ғана өткен жылы санаат өндириси 6,3 процент, аўыл хожалығы өнимлерин жетилистириў 6,6 процент, усақлап сатыў бойынша саўда айланысы 16,4 процент ҳәм халыққа пуллы хызметлер көрсетиў 16,1 процентке турақлы тенденциялар менен өсти”[1].

Ҳақыйқатында да, исбилерменлик тараўы бойынша ерисилген бундай нәтийжелер бул бағдардағы мүлкий қатнасықларды тәртипке салыў бойынша норматив-ҳуқықый базаның қай дәрежеде беккем екенлигинен дерек береди. Мүлкий қатнасықлардың тийкарғы өзегин болса, шахстың, соның ишиннде, исбилерменлик субъектлериниң мүлкий ҳуқықлары қурайды.

Мүлкий қатнасықлар сыпатында хожалық ҳуқықый қатнасықларында да мине усы сыяқлы жағдайды көриўге болады. Бирақ, ҳәр қандай тараўда болғаны сыяқлы мүлкий ҳукықларды әмелге асырыў бойынша да көп санлы ҳуқықый ҳүжжетлердиң кабыл етилиўи усы ҳуқыклардың ҳожалық ҳуқықый қатнасықларында ҳәрекетте болыўын тәртипке салыў системасына өзиниң кери тәсирин тийгизиўи мүмкин. Себеби, исбилерменлик субъектлерине тийисли болған мүлкий ҳуқықлар басқа ҳуқықларға қарағанда экономикалық мазмунға ийе екенлиги, өз ийесиниң материаллық мәпдарлығын тәмийинлеўи жағынан әҳмийетли болып келген. Бул жағдай, асиресе, базар қатнасықларында “денесиз зат”, “ҳуқыққа болған ҳуқық” сыяқлы мүлкий ҳуқық түрлериниң ҳәрекетте болыў шәраятында өзине тән жаңаша мазмунға ийе болғанлығы менен белгиленеди.

Мүлкий ҳуқықлар хожалық ҳукықының объекти сыпатында басқа объектлерден кең көлемлилиги, бир системаға салынбағанлығы, түрлише ҳуқықый институтларда

---

[1] Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади (2011 йилнинг асосий якунлари ва 2012 йилда Ўзбекистонни ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришнинг устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси). // Халқ сўзи, 2012 йил 20 январь №40 (5434).

қолланылыўы ҳәм бәрқулла өз ийеси ушын белгили бир материаллық баҳалықты жүзеге келтириўи яғный мал-мүлкти пайда етиў көз қарасынан ажыралып турады. Мүлкий ҳуқыклар затлық ҳуқықый қатнасықлардан ҳәм миннетлеме ҳуқықый қатнасықларынан жүзеге келиўи менен бирге интеллектуал искерлик натийжелери ҳәм индивидуалластырыя қураллары тийкарында да жүзеге келеди. Сондай-ақ, исбилерменлик искерлиги субъектлериниң айланыс қаржылары ҳәмде оларға тийисли болған мүлкий талаплар да мүлкий ҳуқықлар қатаына кирип, булл жағдай мүлкий ҳуқықлардың хожалық ҳуқықы объекти сыпатындағы ҳуқыкый тәбиятын үйрениў ҳәм объект сыпатында мүлкий ҳуқыклар түсиниги, оның өзине тән өзгешеликлери, түрлери ҳәмде системасы, усы түрдеги ҳуқықлардың ҳәрекетте болыўын ҳуқыкый тәртипке салыўды жетилистириў мәселелерин талқылаўды да талап етеди. Себеби, бүгинги күндеги заманагөй ҳуқық ҳәм экономика илимлеринде мүлкий ҳуқыклар үйренилиўи лазым болған жаңа институтлардан саналады. Әсиресе, қымбат баҳалы қағазлар хәм олар айланысы менен байланыслы мәселелерди талқылаў, усы мулкий ҳуқықлардың тәртипке салыныўын жетилистириў базар қатнасықлары шәраятында үлкен әҳмийетке ийе екенлигин жәҳән финанслық крезиси де жәнe бир мәртебе тастыйықлады. Бүгинги күнде қымбат баҳалы қағазларды хожалық ҳуқықы объекти сыпатында тәпртипке салыўға қаратылған жаңа нызамшылық системасы жаратылған болса да, қымбат баҳалы кағазда көрсетилген мүлкий ҳуқыкларды тәмийинлеўши материаллық тийкардың кепиллестирилиўи нызам ҳүжжетлеринде анық нәзерде тутылмаған.

Улыўма алғанда, мүлкий ҳуқықты өзинде аңлатыўшы ҳәр кандай ҳүжжеттиң материаллық тийкарға ийе екенлиги, мүлкий ҳуқықлардың тийисли тәртипте рәсмийлестирилген ҳүжжетлер арқалы тастыйықланыўы усы ҳуқықлардың ҳәрекетте екенлигин ҳәм олардың субъектин (ийесин) анықлая имканын берсе, мүлкий ҳуқықлардың белгиленген тәртипте мәмлекетлик дизимге алыныўы олардың ҳуқык объекти, әсиресе, хожалық хуқықы объекти сыпатындағы орнын анықлаўда зәрүр әҳмийетке ийе болып есапланады.

Усы көз-қарастан бул питкериў кәнийгелик жумысы темасы да мине усы мәселелердиң ҳуқықый шешими менен байланыслы болып, жумыс кирисиў, алты параграфтан ибарат еки бап, жуўмақлаў ҳам пайдаланылған адебиятлар дизимин өз ишине алады.

Жумыстың биринши бабында мүлкий ҳуқықларға улыўма сыпатлама берилип, онда мүлкий хуқықлар түсиниги, оның басқа түрдеги хожалық хуқықы объектлери системасында тутқан орны ҳәмде усы түрлеги ҳуқықлардың ҳәрекетте болыўын ҳуқықый

ретлестириў бойынша тийисли нызамшылық анализи ҳаққында сөз жүритилген болса, екинши бап хожалык ҳуқықында мүлкий ҳуқыклар түрлери, олардың бир-биринен парқы, мүлкий ҳуқықлардың затлық хәм миннетлеме ҳуқықый тийкарларда жүзеге келиўи мәселелери, мүлкий ҳуқыклардың бир түри сыпатында абсалют ҳуқықлар ҳәм олардың бүгинги күндеги хожалық айланысында ҳәрекетте болыўы тийкарлары кең түрде талқыланады. Қәнийгелик жумыстың жуўмақлаў бөлиминде болса мүлкий ҳуқыклар ҳәм олардың хожалық ҳуқықый қатнасықларында ҳәрекетте болыўын ҳуқыкый ретлестириўдиң бүгинги күндеги ҳалаты ҳәмде булл бағдардағы норматив-ҳуқыкый ҳүжжетлер мазмунын еледе жетилистириўге қаратылған айырым усыныс ҳәм пикирлер келтирип өтиледи. Жумысты орынлаў барысында қолланылған басшылықлы әдебиятлар, нызам хәм нызам асты ҳүжжетлери, темаға тийисли тийкарғы ҳәм қосымша әдебиятлар дизими питкериў қәнийгелик жумысының пайдаланылған әдебиятлар дизиминде келтирип өтиледи.

## I БАП. ХОЖАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫНДА МҮЛКИЙ ҲУҚЫҚЛАР ҲАҚҚЫНДА УЛЫЎМА ҚАҒЫЙДАЛАР

### 1.1. Мулкий ҳуқыклар түсиниги ҳәм мазмуны

Ҳуқыкый тәртипке салыў жағынан актуаллығы айқын көринетуғын хожалық ҳуқықый қатнасықларында мүлкий ҳуқықлардың хәрекетте болыўы менен байланыслы мәселелер усы түрдеги ҳуқык мазмунын ашып бериў, бул ушын алды менен мүлкий ҳуқық түсиниги ҳәм оның юридикалық сыпатламасын келтирип өтиўди талап етеди.

Ҳақыйқатында да, базар қатнасықлары шәраятында мүлкий ҳуқықлардың объект сыпатындағы хукыкый сыпатламасын келтирип өтиў ҳәм олардың ҳәрекетте болыўын еркинлестириў ҳәмде бунда мәмлекеттиң аралысыўы ҳәм монополиясын сезилерли дарежеде кемейттириў, исбилерменлик субъектлериниң искерлигинде мүлкий ҳуқықлардың ҳәрекетте болыўын кеңирек ен жайдырыў, бунда ҳақыйқый сапа көрсетикишлерине ерисиў зәрүр әҳмийетке ийе есапланады.

Усы жағдайларға баҳа берер екен, мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримов төмендегилерди билдирип өтеди: Бүгинги күнде республика фонд базары ҳәм қымбат баҳалы қағазлар базарындағы жумыслардың аўҳалы бизди қанаатландырмайды. Бундай жағдай көбинесе кәрханалардың корпоратив басқарыў системасындағы сезилерли кемшилик ҳам нуқсанлар менен байланыслы. Соны ашық айтыў керек, меншиклестириў ҳаққында бәлентпәрўаз баянат ҳәм гәплер айтылғаны менен әмелде көпшилик жағдайларда олар акционерлик жәмийетлер басшыларынын есиклериндеги

көринислердиң өзгериуине ягный директор орнына баскарма баслығы, деген жазыў пайда болыўына, лекин жумыстың мазмуны ҳәм усылы ескише қалыўына алып келмекте[2].

Сол себепли, қымбат баҳалы кағазлардың ҳәм оларда көрсетилген мүлкий ҳуқықлардың ҳәрекетте болыўының натийжели ҳәм ҳар тәреплеме қолайлы ҳуқықый тәртипке салыў механизмин жаратыў, мүлкий ҳуқықлардың басқа түрлери болған: мүлк ҳуқықы, оператив басқарыў ҳуқықы, хожалық жүритиў ҳуқықы, мийрас етип қалдырылатуғын жер участкасына омирлик ийелик етиў ҳуқықы, жер участкасына турақлы ийелик етиў ҳәм оннан пайдаланыў ҳуқықы, сервитут ҳуқықы, ижара ҳуқықы, қарыз талабы, абсалют ҳуқық ҳәм сол сыяқлы басқа мулкий ҳуқықлардың хожалық ҳуқық объекти сыпатындағы статусын талкылаў бүгинги күндеги ҳуқық, әсиресе, хожалық ҳуқықы пәнининң актуал мәселелеринен саналады.

Сондай-ақ, мүлкий хуқық сыпатында ижарашының ҳуқықларын тәмийинлеў ҳәм оның ҳуқықларының кепилликлери нызамшылық ҳәм ҳуқықты қолланыў әмелияты көз-карасынан жетерлише талқыланбаған. Бул жағдайда алды менен ижарашы ҳуқықларының кепиллиги сыпатынла ижара шәртнамаларын дүзиў ҳәм рәсмийлестириўде нызамда белгиленген формаға әмел етилмеўи ижарашының мүлкий ҳуқықын тәмийинлеўде қыйыншылық туўдырса, екиншиден, нызам ҳүжжетлеринде ижарашының мүлкий ҳуқықы жетерли дәрежеде белгиленбегенлиги менен сыпатланады[3].

Мүлкий ҳуқықлардың айрықша түри сыпатында мүлкдар менен бирге жасаўшы семья ағзаларының үй-жайға болған ҳуқықының анық шегарасы ҳәм олар ҳуқықларының әмелде тәмийинлениўи нызам ҳүжжетлеринде белгиленген дәрежесин жетерли, деп болмайды. Бул болса, өз нәўбетинде үй-жай мүлкдарларының үй-жайға болған өз мүлкий ҳуқықларын әмелге асырыўда тийкарсыз тосқынлықлар жүзеге келиўине алып келмекте.

Буннан тысқары, миллий ҳуқық системасында мүлкий ҳуқықлар ҳәм олардың хожалық ҳуқықы объекти сыпатындағы статусын анықлаў ушын усы түсиниктиң юридикалық сыпатламасы ҳәмде мазмунын анық тәризде белгилеп алыў зәрүр әҳмийетке ийе есапланады. Усы тийкарда атап өтиў орынлы, мүлкий ҳуқыққа ийе болған мүлкдар ҳуқықлары ҳәм ўәкилликлериниң шегарасы Өзбекстан Республикасы Конституциясының 54-статьясында баян етилген болып, оған тийкарланып, мүлкдар өз ҳуқықларын әмелге асырыўда экологиялық орталыққа зыян келтирмеўи, пуқаралар, юридикалық шахслар ҳәм мәмлекеттиң ҳуқықларын ҳәм нызам менен қорғалатуғын мәплерин бузбаўы шәрт[4].

---

[2] Каримов И. Мамлакатимиз тараққиёти ва халқимизнинг ҳаёт даражасини юксалтириш – барча демократик янгиланиш ва иқтисодийислоҳотлариминing пировард мақсадидир.-Т.:Ўзбекистон. НМИУ.2007.-37-38 б.
[3] Раҳмонқулов Ҳ., Гулямов С. Корпоратив ҳуқуқ.-Т.:ТДЮИ.2006.-195 б
[4] Үзбекистон Республикасининг Конституцияси. –Тошкент: ТДЮИ, 2010. – 41-б.

Бул Конституциялық норма Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 172-статьясында толық түринде атап өтилген болып, усы нормаға муўапық, мүлкдар өз мүлкий ҳуқықларын амелге асырыўда төмендеги шәртлерге әмел қылыўы лазым:

1. Мүлкдардың өз ҳуқықларын әмелге асырыўы басқа шахслардың ҳуқықларын ҳәм нызам менен қорғалатуғын мәплерин бузбаўы шәрт;

2. Нызамларда нәзерде тутылған жағдайларда, шәртлерде ҳәм шеңберде мүлкдар басқа шахслар онын мал-мүлкинен шекленген тәризде пайдаланыўына жол қойыўға мәжбүр (мәселен, көшпес мүлк ийеси қоңсы жер участкасы ийеси қоңсы жер участкасының ийесинен зәрүр жағдайларда басқа жер участкаларының ийелеринен де өзгениң жер участкасынан шекленген ҳалда пайдаланыў (сервитут) ҳуқықын бериўди талап етиўге ҳақылы. Әдетте, сервитут пиядалар ҳәм транспорт жолы, электр, байланыс, газ яки суў трубаларын өткериў ушын зарүр болыўы мүмкин. Жер участкасында сервитут белгилениўи жер ийесин мүлкий ҳуқықтан сирәда айырмайды.

Сервитуттан пайдаланыўшы менен жер участкасы ийеси ортасында сервитут ҳаққында питим дүзилип, ол көшпес мүлкке тийисли питимлер сыяқлы дизимнен өткериледи.

Сервитут белгиленген участканың ийеси егер нызамда басқаша тәртип нәзерде тутылған болмаса, сервитут кимниң пайдасына қолланып белгиленген болса, сол шахстан участкадан пайдаланғанлық ушын соған сәйкес түрде ҳақы талап етиў ҳуқықына ийе саналады (Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 173-статьясы).

3. Мүлкдар өзиниң үстинлик статусынан нызамға қайшы пайдаланыўға, басқа шахслардың ҳуқықларын ҳәм нызам менен қорғалатуғын мәплерин кемситетуғын басқа ис-ҳәрекетлерди ислеўге ҳақылы емес;

4. Мүлкдар өз ҳуқықын әмелге асырғанда пуқаралардың ден саўлығына ҳәм қоршаған орталыққа зыян жеткериўдиң алдын алыў шараларын көриўге мәжбүр саналады.

Мүлкий ҳуқықлардың нызамшылық тилинде белгиленип қойылған мазмуны жоқарыдағы атап өтилген Тийкарғы Нызам менен бирге “Мүлкшилик ҳаққында”ғы Өзбекстан Республикасының Нызамы[5] менен де нәзерде тутылады. Соның ишинде, усы Нызамның преамбуласында көрсетип өтилгениндей, Өзбекстан Республикасында экономиканың нәтийжели әмел қылыўына ҳәм халық пәраўанлығының өсиўине имканият жаратыўшы ҳәр қандай мүлкшилик болыўна руқсат бериледи. Солар қатарында, усы Нызамның 1-бөлим 1-статьясының биринши бөлиминде-ақ мүлкий ҳуқықтың мазмуны

[5] Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1990 йил 31-33-сон 159-модда.

көрсетип өтиледи. Соның ишинде, усы статья мазмунына көре, Өзбекстан Республикасында мүлкий ҳуқық тән алынады ҳәм нызам менен қорғалады.

Мүлкдар өзине тийисли мал-мүлкке өз ықтыярына көре ийелик етеди, оннан пайдаланады ҳәм оны бийлик етеди. Мүлкдар өз мал-мүлкине қарата нызамға қайшы болмаған ҳәр қандай ис-ҳәрекетлерди ислеўге ҳақылы. Ол мүлктен нызам ҳүжжетлери менен қадаған етилмеген ҳәр қандай хожалық яки басқа искерликти әмелге асырыўда пайдаланыў мүмкин. Мүлкдар өзине қараслы мал-мүлкке ийелик етиў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў ҳуқықын басқа шахсларға бериўге тек оның өзи ғана ҳақылы болып есапланады. Өзбекстан Республикасы нызамларында көзде тутылған жағдайларда мүлкдардың мойнына басқа шахслардың оның мал-мүлкинен шекленген тәризде пайдаланыўға жол қойыў ўазыйпасы жүклениўи мүмкин.

Мүлкдар Өзбекстан Республикасы нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған шәртлер ҳәм шеңбер дөгерегинде өзине тийисли мүлкий ҳуқықты әмелге асырыў пайытында пуқаралардың мийнетинен пайдаланыў ҳаққында олар менен шәртнама дүзиўге ҳақылы болып есапланады. Пуқаралардың мийнетинен пайдаланыўға тийкар болған мүлктиң қайсы формасында екенлигинен қәттийнәзер пуқара ҳәм юридикалық шахслар Өзбекстан Республикасының Конституциясында ҳәм басқа нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған социаллық-экономикалық ҳуқықлар ҳәм кепилликлер менен тәмийинленеди.

Соның менен бирге, усы Нызамның 3-статьясында мүлкий ҳуқық объектлери атап өтилген болып, оған муўапық, тиккелей хожалық ҳуқықый қатнасықларда ҳәрекет етиўши мүлкий ҳуқық объектлери төмендегилер болыўы мүмкин:

-Өзбекстан Республикасы аймағындағы жер, жер асты байлықлары, ишки суўлар, ҳаўа кеңислиги, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньямы, имаратлар ҳәм қурылыслар, өнимлер, турақ жай ҳәм квартиралар, өним белгилери, санаат үлгилери, ойлап табыўлар, пайдалы моделлер, интеграл микросхемалардың топологиясы, селекция жетискенликлери, өним белгилери ҳәм хызмет көрсетиў белгилери, әсбап-үскенелер, материаллық ҳәм руўхый мәдeният буйымлары, пуллар, қымбат баҳалы қағазлар ҳәм басқа мал-мүлклер, инсанның мийнет етиў қәбилети.

Ойлап табыўлар, жаңалық ашыўлар, илим, әдебият, көркем өнер шығармалары, мағлыўмат, илимий идеялар, техникалық исленбелер ҳәм ақылый дөретиўшиликтиң басқа объектлерин жаратыў ҳәм олардан пайдаланыў ҳаққындағы қатнасықлар Өзбекстан Республикасының арнаўлы нызамлары менен тәртипке салынады. Мал-мүлктен хожалықта пайдаланыў нәтийжелери (өнимлер ҳәм дәраматлар), нызамлар яки

шәртнамада басқаша тәртип нәзерде тутылған болмаса, сол мал-мүлк ийесине тийисли болып есапланады.

Өзбекстан Республикасында жәмәәтлер, олардың бирлеспелери, жәмийетлик шөлкемлер, пуқаралардың семьялық ҳәм басқа бирлеспелери, жергиликли өзин-өзи басқарыў мекемелери ҳәмде олар ўәкиллик Берген мәмлекетлик басқарыў уйымлары, басқа мәмлекетлер, халық аралық шөлкемлер, басқа мәмлекетлердиң юридикалық шахслары мүлкий ҳуқық субъектлери болып есапланады. Ҳәр түрли юридикалық шахслар тек бир ғана мүлкий ҳуқық субъектлери болыў да мүмкин.

Юриикалық шахстың миннетлемелери бойынша ҳақы өндирип алыўға болған мүлкий ҳуқық толық хожалық жүритиў яки оператив басқарыў ҳуқықы тийкарында оған тийисли болған мал-мүлкке қаратылыўы мүмкин.

Мүлкдар өзи жүзеге келтирген юридикалық шахслардың миннетлемелери бойынша жуўапкер болмайды, бул юридикалық шахслар да өз гезегинде мүлкдардың миннетлемелери бойынша жуўапкер болмайды, Өзбекстан Республикасы нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған жағдайлар буннан тысқары[6].

Мүлкий ҳуқық субъекти сыпатында хожалық ширкетлери ҳәм жәмийетлериниң мал-мүлкке болған мүлкий ҳуқық мәселеси де тийисли нызамларда нәзерде тутылған. Соның ишинде, жоқарыда аты атап өтилген "Мүлкшилик ҳаққында"ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының 14-статьясына тийкар, юридикалық шахс есапланған хожалық жәмийети ҳәм ширкетиниң мал-мүлки қатнасыўшылардың қосқан үлеси есабынан, хожалық искерлиги нәтийжесинде алынған ҳәмде нызамда қадаған етилмеген басқа тийкарларда олар тәрепинен қолған киритилген мал-мүлклерге қарата мүлкй ҳуқық жүзеге келеди. Хожалық жәмийети ҳәм ширкети қатнасыўшысы қосқан үлес қурамына тийкарғы ҳәм мағлыўмат фондлар, пул қаржылары ҳәм қымбат баҳалы қағазлар, басқа мал-мүлк ҳәмде мүлкий ҳуқықлар кириўи мүмкин. Юридикалық ҳәм физикалық шахслар, мәмлекетлик басқарыў уйымлары, егерде, Өзбекстан Республикасы нызамларында басқаша тәртип нәзерде тутылған болмаса, хожалық жәмийетиниң ҳәм ширкетиниң қатнасыўшысы болыўы мүмкин.

Акционерлик жәмийет акциялар сатыў есабынан пайда болған, сондай-ақ, өз хожалық искерлиги нәтийжесинде алынған ҳәм нызамда қадаған етилмеген басқа тийкарларға муўапық қолға киритилген мал-мүлклер ийеси болып саналады.

Кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер, мәмлекетлик басқарыў уйымлары, Өзбекстан Республикасы пуқаралары, шет мәмлекетлердиң юридикалық ҳәм физикалық шахслары

[6] Имомов Н. Тадбиркорлик фаолияти субъектлари мулк ҳуқуқининг ҳимоя қилиниши. –Тошкент: ТДЮИ. 2006. – 21-б.

егерде, Өзбекстан Республикасы нызамларында басқаша тәртип нәзерде тутылған болмаса, акция ийелери болыўлары мүмкин.

Мәмлекетлик кәрхана ўәкиллик берилген мәмлекетлик уйымның қарарына тийкар кәрхананың пүткил мал-мүлки баҳасы муғдарында акция шығарып, акционерлик жәмийетке айландырылыўы мүмкин, Акцияларды сатыўдан алынған қаржы мәмлекетлик кәрхананың тийисли бюджетине түседи ҳәм бул қаржыларға қарата акционерлик жәмийеттиң мүлкий ҳуқықы жүзеге келеди.

Мүлкий ҳуқық субъектлери тек юридикалық шахслар емес, ал олардың бирлеспелери де олыўы мүмкин. Жоқарыда аты аталған нызам нормаларина көре, кәрхана ҳәм бирлеспелердиң хожалық бирлеспеси (соның ишинде, концерн, тармақ ҳәм тармақлар аралық ҳәм территориал бирлеспе) оған кәрхана ҳәм шөлкемлер ықтыярый түрде берген, сондай-ақ, оның өз хожалық искерлиги нәтийжесинде алынған мал-мүлкиниң ийеси болып есапланады[7].

Хожалық бирлеспеси оған кириўши кәрхана ҳәм шөлкемлердиң мал-мүлкине қарата ийелик етиў ҳуқықына ийе емес. Хожалық бирлеспесиниң искерлиги тоқтатылғаннан кейин қалған мал-мүлк оған кирген кәрхана ҳәм шөлкемлер ортасында келисим тийкарында ҳәмде олардың қосқан үлеслери (еселери)н есапқа алған ҳалда бөлистириледи.

Соны да айрықша атап өтиў орынлы, мүлкий ҳуқықлардың мазмуны оның кепиллиги менен де белгиленеди. Хожалық ҳуқықының объекти сыпатында мүлкий ҳуқықларды кепиллестириў тийисли нызамлар ҳәм нызам асты ҳүжжетлеринде нәзерде тутылады. Усы нызам нормалары ҳәм қағыйдалары мазмунына көре, Өзбекстан Республикасы мүлкий ҳуқықты әмелге асырыўды кепиллестиреди, мүлкдардың конституциялық ҳуқықларын тәмийинлейди, Өзбекстан Республикасы нызамларында нәзерде тутылған жағдайлардан тысқары, мал-мүлкти көбейттириўди шеклеўге ҳәм оны мәжбүрий тартып алыўға жол қойылмайды.

Өзбекстан Республикасының ҳәм басқа мәмлекетлердиң юридикалық ҳәмде физикалық шахсларына мүлкий ҳуқықларды қорғаўда Өзбекстан Республикасы тең шәраятларды жаратып береди.

Мүлкдар өзге шахс тәрепинен нызамға қылап рәўиште ийелеп алынған мал-мүлкин Өзбекстан Республикасы нызамларына муўапық, талап етип қайтарып алыў ҳуқықына ийе. Мүлкдар өз ҳуқықын ҳәр қандай бузыўларды, ҳәтте бундай бузыўлар оны мүлкке ийелик етиў ҳуқықынан айырыў менен байланыслы болмаса да, сапластырыўды талап

[7] Жилинский С.Э. Предпринимательское право (правовая основа предпринимательской деятельности): Учебник для вузов. – М.: Норма, 2004. –С. 98.

етиўи мүмкин. Мүлкий ҳуқықты қорғаў суд яки хжалық суды тәрепинен әмелге асырылады.

Тийисли нызамшылық пенен нәзерде тутылған ҳуқықлар ҳәттеки мүлкдар болмаса да, мүлктен толық хожалық жүритиў, оны оператив баскарыў, мийрас етип қалдырылатуғын өмирлик ийелик етиў яки нызамда ямаса шәртнамада нәзерде тутылған басқа жағдайларда жағдайларда, мал-мүлкке ийелик етиўши шахсқа да тийисли болады. Бул шахс өз ийелигин мүлкдардан да қорғаў ҳуқықына ийе болып есапланады.

Мүлкдарға караслы үй, басқа биналар, қурылыслар, тал-тереклер жайласқан жер участкасын алып қойыў ҳаққында қарар қабыл етилиўи мүнәсибети менен яки мәмлекетлик уйымның мүлкдар мал-мүлкин тиккелей алып қойыўға каратылмаған басқа қарарының қабыл етилиўи мүнәсибети менен мүлкдардың ҳуқықын тоқталып қойыўға тек Өзбекстан Республикасының нызам ҳүжжетлеринде белгиленген жағдайларда ҳәм тәртипте ғана жол қойылады.

Бунда мүлкий ҳуқық тоқтатылыўы ақыбетинде жеткерилген зыян мүлкдарға толығы менен төленеди. Мүлкдар наразы болған жағдайда тартыс суд яки хожалық суды тәрепинен шешилмегенше мүлк ҳуқықының тоқтатылыўына алып баратуғын қарар әмелге асырылыўы мүмкин емес. Мүлкдарға жеткерилген зыянды қаплаў менен байланыслы барлық мәселелер де тартысты қорип шығыў барысында шешиледи.

Мүлкдар мал-мүлкиниң мәмлекет тәрепинен алып қойылыўына мүлкдардың миннетлемелери бойынша ҳақы өндириў сол мал-мүлкке қаратылған жағдайда ғана Өзбекстан Республикасының нызам ҳүжжетлеринде белгиленген жағдайларда ҳәм тәртипте ғана, осндай-ақ, реквизиция ҳәм конфискация тәртибинде жол қойылады.

Тәбийғый апатлар, катастрофалар, жуқпалы кеселликлердиң тарқалыўы, ҳайўанларда кеселликлердиң кең жайылыўы ҳәм айрықша ҳалатларда жүз беретуғын басқа жағдайларда мал-мүлк мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының қарарына муўапық жәмийеттиң мәплерин гөзлеген ҳалда мүлкдардан Өзбекстан Республикасының нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ҳәм шәртлер менен мәжбүрий тәризде алып қойылыўы (реквизиция етилиўи) мүмкин ҳәм мүлкдарға оның алып қойылған мал-мүлкиниң баҳасы төленеди[8].

Өзбекстан Республикасының нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған жағдайларда судтың яки хожалық судының қарарына муўапық мал-мүлк те конфискация етилиўи мүмкин.

---

[8] Имомов Н. Тадбиркорлик фаолияти субъектлари мулк ҳуқуқининг ҳимоя қилиниши. –Тошкент: ТДЮИ. 2006. – 27-б.

Мәмлекетлик басқарыў уйымы яки мәмлекетлик ҳәкимияттың жергиликли мекемеси тәрепинен нызамға қылап болған ҳүжжеттиң қабыл етилиўи нәтийжесинде мүлкдардың ҳәм басқа шахслардың өзлерине қараслы мал-мүлкке ийелик етиў, оннан пайдаланыў яки оны бийлик етиў барысындағы ҳуқықлары бузылған жағдайда бундай ҳүжжет мүлкдардың яки ҳуқықы бузылған шахстың даўа арзасына көре суд тәрепинен ҳақыйқый емес деп табылады. Усы ҳүжжетлерди қабыл етиў ақыбетинде пуқараларға, шөлкемлер ҳәм басқа шахсларға жеткерилген зыянлар тийисли ҳәкимият ҳәм басқарыў органы ықтыярындағы қаржы есабынан толығы менен қапланыўы шәрт.

Мәмлекетлик органлар мүлкдарға ямаса толық хожалық жүритиў, тиккелей басқарыў ҳуқықы бойынша яки нызам ямаса шәртнамада нәзерде тутылған басқа тийкарда мал-мүлкке ийелик етиўши шахсларға Өзбекстан Республикасының нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылмаған қрсымша ўазыйпалар яки шеклеўлер белгилеп қойыўға ҳуқықлы емес.

Мәмлекетлик органлар мүлкдардың ҳәмде усы мал-мүлкке қандайда бир шекленген ҳуқыққа ийе болған шахслардың өз мал-мүлкине ийелик етиў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиўден ибарат ҳуқықларын әмелге асырыўына нызамга қылап рәўиште араласқанлығы ақыбетинде жеткерилген зыян ушын “Мүлкшилик ҳаққында”ғы Нызамның 35-статьясында нәзерде тутылған көлемде мүлкий жуўапкер болады.

Усыдардан келип шығып айта кететуғын және бир ҳалат та бар болып, олда болса, мүлкий ҳуқықлар тиккелей ҳәрекетте болатуғын мүлкий қатнасықлар менен байланыслы болып есапланады. Мүлкий қатнасықлар дегенде, экономикалық қатнасықлар яғный өндирис қураллары, тутыныў буйымлары, улыўма алғанда адам мийнетиниң ҳәр қандай өнимлерин жаратыў, ийелеў, пайдаланыў әам бийлик етиў менен байланыслы болған жәмийетлик қатнасықлар түсиниледи.

Мүлкий қатнасықлардың барлығы да тек пуқаралық нызамшылығы нормалары менен тәртипке салына бермейди. Айырым мүлкий қатнасықлар ҳуқықтың басқа тараўлары (соның ишинде, хожалық (исбилерменлик) тараўына тийисли нызамшылық нормалары) менен де тәртипке салынады. Ҳуқықый қатнасықта қатнасыўшы бир тәрептиң екинши тәрепке ҳәкимшилик жақтан бойсыныўына тийкарланған мүлкий қатнасықлар ҳәкимшилик ҳуқық нормалары менен, салық ҳәм бюджет пенен байланыслы қатнасықлар болса – финанс ҳуқықы нормалары менен, сондай-ақ, жер менен байланыслы мүлкий қатнасықлар жер ҳуқықы нормалары менен, мийнет шәртнамасы ҳәм интизамый

бойсыныў менен байланыслы мүлкий қатнасықлар – мийнет ҳуқықы нормалары менен тәртипке салынады[9].

Ҳәрекеттеги Пуқаралық кодексинде шахслардың мүлкий ҳуқықлары менен байланыслы мәселелерди жаңаша түрде шешиўге қаратылған нормаларды өзинде сәўлелендиреди. Онда:

-ҳәр қыйлы питимлер дүзиўде кең еркинлик ҳәм имканиятлардың берилгенлиги;

-юридикалық шахслардың исбилерменлик искерлиги менен шуғылланыўын кең тәртипке салыў;

-юридикалық шахслардың ҳуқық субъектлилиги шеңбериниң кеңейттирилгенлиги, олар жалланба мийнеттен пайдаланыў, жеке мүлкке, соның ишинде, жеке кәрханаларға ийе болыўы, мүлк формаларының теңлиги ҳәм оның қорғаўы кепиллестирилгенлиги;

-ҳуқықый қатнасық субъектлери болған юридикалық шахсларға өз искерликлерин әмелге асырыўда, хожалық ислерин жүритиўде кеңнен имканиятлардың берилгенлигин атап өтиў орынлы.

Мүлкдардың мүлкий ҳуқықын өз қәлеўине көре әмелге асырыўы негизинде оның мәплери жатады. Бундай мәплер тиккелей оның өзине, жақынарына яки басқаларға тийисли болыўы мүмкин.

Мәселен, коммерциялық юридикалық шахстың басқа түрдеги шөлкем менен ҳуқықый қатнасықларында егер, оның коммерция сыры әшкара етилген жағдайда зыян көрген коммерциялық юридикалық шахс усы коммерция сырына болған мүлкий ҳуқықынан пайдаланып, екинши тәрептен келтирилген зыянды төлеўди талап етиўге ҳақылы болып есапланады.

Усы тийкарда айтып өтиў керек, мүлкдардың өз қәлеўине көре яки оның мәплерине қарама-қарсы мүлкий питимлер дүзиўине мәжбүр етиў, улыўма қағыйда бойынша бундай питимлер ҳақыйқый саналмаслығына себеп болады.

Жоқарыдағылардан келип шыға отырып, хожалық ҳуқықының ғәрезсиз объекти сыпатында мүлкий ҳуқық түсинигине төмендегише сыпатлама берип өтиў мүмкин:

***мүлкий ҳуқықлар дегенде*** *мүлк ҳуқықы, затлық ҳуқық, миннетлеме ҳуқықы яки белгили бир субъекттиң ҳуқықый статусы менен өз-ара байланыста болған, экономикалық айланыста айрықша түрде ҳәрекетте бола алатуғын ямаса басқа тийкарғы ҳуқықта жүзеге келиўши сыпатында бар болатуғын, материаллық ҳәм материаллық емес баҳалықларға қарата ийелеў, пайдаланыў ҳәм талап етиў*

---

[9] Гасанов М.Ю., Соколов Е.А. Ўзбекистоннинг янги меҳнат қонунчилиги. –Тошкент, 1999. – 27-б.

*ўәкилликлеринен қуралған, ҳуқық ийесине мулкий материаллық мәплерди келтирип шығаратуғын субъектив ҳуқыққа айтылады.*

## 1.2. Хожалық ҳуқықында мүлкий ҳуқықларды тәмийинлеўдиң тийкарғы прнциплери

Мүлк ҳәм мүлк ҳуқықы мәселелери ҳәр дайым ҳуқық илиминиң тийкарғы итибарында болып келген. Себеби, жәмийеттиң экономикалық раўажланыўы ҳәм шахслардың жәмийеттеги ҳалатын белгилеп бериўде мүлктиң әҳмийети оғда үлкен болып табылады. Мүлкий қатнасықларды тәртипке салыўшы нызамлардың белгили бир улыўма қағыйдаларға яғный принциплерге муўапық түрде әмелде болыўы мәмлекет экономикалық раўажланыўындағы мүлкшилик қатнасықларының туўры жолға қойылғанлығы болып есапланады.

Хожалық ҳуқықының улыўмалық принциплери системасында мүлкий ҳуқықларды тәмийинлеўге қаратылған принциплер сыпатында мүлктиң қол қатылмаслығы ҳәм мүлк формаларының тең ҳуқықлылығы ҳәм оларды теңдеў қорғаў принциплери көрсетип өтиледи.

Хожалық ҳуқықында мүлкий ҳуқықларды тәмийинлеўге қаратылған принциплер ҳаққында атап өтетуғын болсақ, Өзбекстан Республикасы Конституциясында беккемленген шахслардың мүлкке ийе болыўлары мүмкинлигин кепиллестиретуғын конституциялық қағыйда ҳаққында да атап өтиў тийис. Тийкарғы Нызамның 36-статьясында ҳәр бир шахс мүлкдар болыўға ҳақылы екенлиги көрсетип өтилген болып, ҳәр бир шахс мал-мүлкке ийе болыўы, жәмийеттеги материаллықбаҳалықларды нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте өзиники қылып алыўы, өзи қәлеген муғдарда материаллық затлар ийеси болыўы мүмкин.

Мүлкдар болыў ҳуқықы Тийкарғы Нызамда белгиленгениндей, “ҳәр бир шахс”қа бериледи ҳам “ҳәр бир шахс” атамасы әдетте жәмийеттиң ҳәр бир ағзасына ҳәм қала берсе хожалық ҳуқықы субъектлери есапланған юридикалық шахсларға да тийисли болып есапланады.

И.Б.Зокиров ҳәм М.Х.Баратовлардың пикирлерине көре, шахслар дегенде ҳәм физикалық шахслар (яғный Өзбекстан Республикасы пуқаралары, басқа мәмлекетлердиң пуқаралары, сондай-ақ, пуқаралығы болмаған шахслар), ҳәм юридикалық шахслар түсиниледи. Сондай-ақ, мәмлекетте мүлкдар болыўы мүмкин. Себеби, ҳуқық илиминде “шахс” дегенде пуқаралар менен бирге ридикалық шахслар ҳәм мәмлекет те түсиниледи[10].

---

[10] Зокиров И.Б., Баратов М.Х. Мулк нима? Мулкдор ким?. Рисолв. –Тошкент: ТДЮИ, 2003. – 71-б.

Ҳуқық илими теориясында мүлк ҳуқықы принциплериниң атамасы, түрлери ҳәм олардың өзгешеликлери ҳаққында бирден-бир мазмунға ийе болған пикирлерди ушыратыўымыз қыйын. Мәселен, профессор И.Б.Зокиров мүлк ҳуқықының төмендеги принциплери бар екенлигин көрсетеди: мүлктиң қол қатылмаслығы, ҳәр қандай формадағы мүлкшиликтиң болыўынга руқсат берилиўи; мүлкшиликтиң ҳәмме формалары қорғалыўы нызам менен кепиллестирилгенлигиҳәм олардың теңдей раўажланыўына шәраят жаратып берилиўи; мүлкдардың өз мал-мүлкине қарата нызамға қайшы болмаған ҳәр қандай ис-ҳәрекетлерди өз қәлеўине көре ислеўге ҳақылы екенлиги; мүлкий ҳуқықтың әмелге асырылыўы қоршаған орталыққа зыян келтирмеўи; пуқаралар, кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер ҳәм мәмлекеттиң ҳуқықларын бузбаўы ҳәмде нызам менен қорғалатуғын мәплерге зыян келтирмеўи шәртлиги; ҳәр ким мүлкдар болыўға ҳақылы екенлиги[11].

Айырым әдебиятларда жоқарыда санап өтилген принциплердиң аталыўы басқаша етип белгиленген болса, айырым юридикалық әдебиятларда олар қосып жиберилген яки ажыратып көрсетилген ҳалда, И.Б.Зокиров тәрепинен санап өтилген мүлк ҳуқықы тийкарғы принциплериниң мазмун-мәниси өзгермейди.

Әлбетте, усы қағыйдалардың барлығы мүлкий ҳуқықларды тәмийинлеўге қаратылғанлығын есапқа алып, олардың ҳәр бири ҳаққында айрықша тоқталып өтиў тийис.

Хожалық ҳуқықында мүлкий ҳуқықларды тәмийинлеўге қаратылған мүлктиң қол қатылмаслығы Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 1-статьясында пуқаралық ҳуқықының тийкарғы принциплери сыпатында атап өтиледи.

Экономикада мүлкий тәртипке салыўдың тийкарын жаратыўшы пуқаралық ҳуқықының әҳмийетли принциплеринен бири мүлктиң қол қатылмаслығы принципи болып табылады. Мүлк қол қатылмаслығының улыўма қағыйдалары Инсан ҳуқықлары ҳәм тийкарғы еркинликлерин қорғаў ҳаққындағы (1950-жыл) Европа конвенциясына қосымша ретинде тастыйықланған Протоколдың 1-статьясында көрсетип өтилген ҳәм онда ҳәр физикалық ҳәм юридикалық шахс өз мүлкинен тосқынлықсыз пайдаланыўы, ҳеш ким, жәмийет мәплери ҳәм нызамда ҳәмде халық аралық ҳуқықтың улыўмалық принциплери шәртлеринен тысқары өз мүлкинен маҳрум етилиўи мүмкин емес.

Конституцияның 53-статьясы ҳәм Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 1-статьясы биринши пунктинде мүлктиң қол қатылмаслығы анық атап өтилген ҳәм мүлктиң қол қатылмаслығының азмунын ашып бериўге қаратылған. Конституциямыздың

[11] Зокиров И.Б. Фуқаролик ҳуқуқи: Дарслик. –Тошкент: ТДЮИ, 2009. – 176-б.

53-статьясына муўапық, мәмлекет барлық мүлк формаларының тең ҳуқықлылығын ҳәм ҳуқықый жақтан теңдей қорғалыўын кепиллестиреди, жеке мүлк басқа мүлк формалары сыяқлы қол қатылмайды ҳәм мәмлекет қорғаўында болады, мүлкдар тек нызамда нәзерде тутылған жағдайларда ҳәм тәртипте ғана мүлкинен маҳрум етилиўи мүмкин. Конституциямыздың 19-статьясына көре, пуқаралардың Конституция ҳәм нызамларда беккемлеп қойылған ҳуқық ҳәм еркинликлерине қол қатылмайды, олардан суд қарарысыз маҳрум етиўге ҳәм оларды шеклеп қойыўға ҳеш ким ҳақылы емес[12].

Ҳәрекеттеги нызамшылықты анализ қылар екенбиз, мүлктиң қол қатылмаслығы ҳуқықый қатнасықлар қатнасыўшылары тәрепинен мүлкдардың өзине тийисли мүлкине ийеик етиў, пайдаланыў ҳәм бийлик етиў ҳуқықын тиккелей ҳәм қосымша тәризде бузыўға яки шеклеўге жол қойылмаслығын талап етиўден ибарат екенлигин көремиз.

Нызам шығарыўшы мүлктиң қол қатылмаслығын беккемлеп ғана қалмастан усы принципти турмысқа енгизиўдиң төмендеги шараларын да белгилеп береди:

-шеклеўлер тек нызам менен белгилеп қойылыўы лазым;

-шеклеўди қолланыў тек жәмийет мәплеринен келип шыққан болыўы керек;

-мүлкдардың ҳуқықы шекленгенде оның мүлкий жоғалтылыўы, өзин лазым дәрежеде тутқанда, мәмлекет тәрепинен әдалатлы тәризде қапланыўы зәрүр;

-шеклеў алдында барлық мүлк формалары тең болып есапланады;

-жеке мүлктен мүлктиң алынғанлығы судта тартысыўға себеп болыўы мүмкин.

Соны ада айтыўымыз мүмкин, мүлктиң қол қатылмаслығы принципи мүлкий ҳуқықларды шеклеўге, егерде, бундай шеклеў Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексинде тийкарланған болса, тосқынлық етпейди.

Мүлктиң қол қатылмаслығы принципи мүлкий ҳуқық тамам болғанында, мүлкдардан мүлк мәжбүрий алынғанда да итибарға алыныўы лазым. Мүлкдардың қәлеўине қарсы түрде оның өз мүлкине болған ҳуқықын шеклеўге ҳәм мәжбүрий тәртипте алып қойыўға нызамларда белгиленген жағдайларда ғана жол қойылады. Бундай тәртип мүлк ҳуқықының әҳмийетли конституциялық кепиллиги есапланады, себеби, мүлкке болған ҳуқықтың мәжбүрий тамамланыўы қатаң шегараланған ҳәм оған жол қойылмайды.

Мүлк ҳуқықының бийкар болыўы тийкарлары Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 15-бабында айқын көрсетип өтилген. Мүлкти мәжбүрий алып қойыўға төмендеги жағдайларда ғана жол қойылады:

-мал-мүлкти мүлкдардан алып қойыўда (Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 199-статьясы);

---

[12] Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. –Тошкент: Ўзбекистон, 2010. – 31-б.

-реквизицияда (Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 203-статьясы);

-конфискацияда (Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 204-статьясы);

-үлесли мүлктеги мал-мүлкти бөлистириў ҳәм оннан үлес ажыратыўда (Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 223-статьясы) ҳәм басқа жағдайларда).

Мүлкдардан мал-мүкти мәжбүрий алып қойыў алып қойыў тийкарлары менен парықланады. Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 203-, 204-статьяларындағы бул қағыйда мүлкдардың қәлеўине байланыслы болмастан, ал мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик мәплер менен байланыслы болады.

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 223-статьясындағы қағыйдаға көре болса үлесли мүлктеги мал-мүлктен үлесиниң баҳасын мәжбүрий қапланыўын нәзерде тутады, оннан кейин мүлкдар бул үлеске болған ҳуқықын жоғалтады. Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 202-статьясы национализацияга тийисли болып, пуқаралар ҳәм юридикалық шахслардың мүлклерин мәмлекет ықтыярына өткериўди нәзерде тутады. Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 233-статьясына муўапық болса, мүлк ҳуқықын бийкар ететуғын нызам қабыл етилген жағдайда усы нызамды қабыл етиў нәтийжесинде мүлкдарға жеткерилген зыян, соның ишинде, мал-мүлктиң баҳасы мәмлекет тәрепинен төленеди. Зыянды төлеў менен байланыслы тартыслар суд тәрепинен шешиледи.

Мүлктиң қол қатылмаслығы принципи ҳаққында юридикалық әдебиятларда да түрлише пикирлер билдириледи. Мәселен, И.Б.Зокиров ҳәм М.Баратовлардың пикирлеринше мүлктиң қол қатылмаслығы мүлкдарға қарсы турған барлық субъектлердиң оның мүлк ҳуқықын бузыўдан өзлерин сақлаўларынан ибарат.

Мүлкдар нызам жол қойған тийкарларда өз мал-мулкине өзи ийелик етеди, өзи пайдаланады ҳәм өзи бийлик етеди. Бул мүлкдардың конституциялық ҳуқықы болып табылады. Оған сыртқы тәрептен тәсир өткериўге, оның ишки ислерине араласыўға, мал-мүлкти алып қойыўға ҳеш ким ҳақылы емес. Ҳәттеки мүлкдардың өз ҳуқықын әмелге асырыўдан ўаз кешиўи де мүлк ҳуқықын ьийкар етпейди.

Әлбетте, жоқарыда баян етилген пикирлердиң ҳәр бири өзине тән логикаға ийе болып саналады. Соның менен бирге, “мүлктиң қол қатылмаслығы” атамасының ол яки бул тәрепи ҳаққында тартыслы пикирлердиң де болыўы тәбийий саналады.

Себеби, мүлктиң қол қатылмаслығы хожалық ҳуқықы ушын салыстырмалы түрде жаңа атама ҳәм базар қатнасықларының раўажланып барыўы нәтийжесинде бул принциптиң мазмун-мәниси жәнеде артыўы да пикирлердиң тартыслылығын талап етеди.

Жоқарыдағы пикирлерди анализ етип, “мүлктиң қол қатылмаслығы” дегенде мүлкдарға тийисли мал-мүлкти нызамлы тийкарларсыз ҳәм суд қарарысыз ҳеш ким алып қойыўға, мүлк ҳуқықын әмелге асырыўға тосқынлық етиўге ҳақылы емеслиги ҳәм мүлкдардың ҳәмме ўақыт та мал-мүлкке қарата хожалық ҳүкимранлығы әмелде болыўына айтылады, деген сыпатламаны келтирип өтиў мүмкин.

Егер, мазмунлық жақтан айтатуғын болсақ, бириншиден, Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексинде мүлкдар өзиниң мүлк ҳуқықын әмелге асырып атырған ўақытта ҳәр қандай субъектке қарсы турыўға ҳақылы болып саналады, қарсы тура алады.

Екиншиден, Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексинде тек нызамда белгиленген тийкарларда мүлк ҳуқықынан маҳрум етилии мүмкин, делинеди[13].

Мүлктиң қол қатылмаслығы мәмлекет тәрепинен кепиллестириледи. Бундай кепилликлер сыпатында мүлк ийесине тийисли болған мал-мүлкти түрли себеп ҳәм ҳәр түрли жоллар менен мәмлекетлик мекемелер ҳәм лаўазымлы шахслар тәрепинен алып қойыў, мүлктен Еркин пайдаланыў ушын тосқынлықлар жаратыў нызамсыз есапланыўын көрсетип өтиўимиз тийис.

Соның менен бирге, Өзбекстанг Республикасы Пуқаралық кодексиниң нормалары пуқаралар, юридикалық шахслар ҳәм ҳуқықый қатнасықлардың басқа субъектлериниң мүлкин ҳәр қандай шахс, соның ишинде, мәмлекетлик ҳәкимият органлары ҳәм жергиликли ҳәкимият органлары тәрепинен ислениўи мүмкин болған қол қатыўлардан қорғаўға қаратылған болып, бундай қорғаў да мәмлекет тәрепинен мүлкдардың мүлкий ҳуқықларын еркин әмелге асырыў ушын берилген кепиллик болып есапланады.

Мүлктиң қол қатылмаслығы принципиниң мазмуны мүлк ҳуқықының абсалютлик өзгешелигинен де келип шығып белгиленеди. Мүлк ҳуқықының абсалютлик өзгешелиги бул ҳуқықтың барлық шахсларға қарата усы ҳуқықты бузыўдан өзлеин тыйып турыўларын билдиреди.

Ҳәр қандай үшинши шахстан затлық ҳуқықтың қорғалғанлығы бир ўақыттың өзинде ҳәр қандай үшинши шахслар тәрепинен бул ҳуқықты бузыў имканиятын жүзеге келтириўи мүмкин. Бул болса бәрқулла мүлкдардың мал-мүлкке болған қол қатылмаслық ҳуқықы мәмлекет тәрепинен тийислисинше кепилликлер белгилениўин талап етеди.

Мүлктиң қол қатылмаслығы мүлкий қатнасықлардың тийкарғы ҳәм бирлемши қағыйдасы сыпатында ҳәр дайым мүлкдардың мал-мүлки ҳәр қандай нызамсыз қол қатыўлар ҳәм тосқынлықлардан жырақ екенлигин аңлатады. Тадбиркорлик субъектларини ҳуқуқий

[13] Муаллифлар жамоаси. Мулк ҳуқуқи: Ўқув қўлланма. –Тошкент: ТДЮИ, 2006. – 205-б.

Мүлкдардың мал-мүлкин алып қойыўға, сондай-ақ, оның ҳуқықларын шеклеўге тек нызамда нәзерде тутылған жағдайларда ғана жол қойылады.

Соның менен бирге, мүлктиң қол қатылмаслығы принципи Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2005-жыл 14-июндеги "Исбилерменлик субъектлерин ҳуқықый корғаў системасын жәнеде жетилистириў ис-илажлары ҳаққында"ғы Пәрманында жәнеде белгилеп өтилген болып, усы Пәрманға тийкар исбилерменлик субъектлерине қарата ҳукықый тәсир шараларын тек суд арқалы қолланыў тәртиби енгизилди.

Усы нормада көрсетилгениндей, мүлктиң қол қатылмаслығы "мүлкдарға карсы турған барлық субъектлердиң" белгили бир ис-ҳәрекеттен өзлерин сақлаўлары арқалы әмелге асырылады[14].

Бунда "мүлкдарға қарсы турған барлық субъектлер" делингенде мал-мүлкке қарата мүлк ҳуқықына ийе болмаған ҳәр қандай шахслар тусиниледи. Әлбетте, булл орында нормада "мүлкдарға қарсы турған" атамасының қолланылыўы ҳуқықый көз-қарастан түсиниксиз еситилсе де, бирақ, усы нормада басқаша атаманы қолланыўдың өзи логикалық тийкарға ийе болмас еди.

Мүлктиң қол қатылмаслығы принципиниң жәнe бир әҳмийетли өзгешелиги соннан ибарат, мал-мүлк мүлкдардан тек нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған жағдайларда алып қойылыўы мүмкин.

Мүлкдар өз мүлкиниң қол қатылмаслығына исенген ҳалда оны өз кәлеўине көре бийлик етиўи мүмкин. Булл жағдай мүлкдар ҳуқық ийеси екенлигиниң ең тийкарғы белгиси есапланады.

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 199-статьясына муўапық, мал-мүлкти мүлкдардан алып қойыўға тек нызамларда нәзерде тутылған жағдайларда ҳәм тәртипте мүлкдардың миннетлемелери бойынша өндириў тек мине усы мал-мүлкке қаратылған жағдайда, сондай-ақ, национализация етиў, реквизиция ҳәм конфискация етиў тәртибинде жол қойылады.

Суд тәртибинде өндириўдиң мал-мүлкке қаратылыўы мүлкдардың өз миннетлемелерин орынламаған яки лазым дәрежеде орынламаған жағдайларда әмелге асырылады. Егерде, нызамға муўапық, шахсқа тийисли бола алмайтуғын мал-мүлк оның мүлки болып қалса, усы мал-мүлкке қарата мүлк ҳуқықы суд тәртибинде бийкар етилип, алып қойылған мал-мүлктиң баҳасы шахсқа төленеди (Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 199-статьясы екинши бөлими).

---

[14] збекистон Республикаси қонун хужжатлари тўплами, 2005 й., 23-24-сон, 167-модда

Усы қағыйда мүлк қол қатылмаслығы принципиниң жәмийет мәплерин гөзлеп мәмлекет тәрепинен шеклениўи сыпатында баҳаланыўы мүмкин. Соның менен бирге, мүлкдардың басқа шахслар мал-мүлкине яки мәплерине зыян жеткериўи оның жәмийет мәплерин қорғаўшы нызам ҳүжжетлерине қарама-қарсы ис-ҳәрекетти әмелге асырыў есапланады ҳәм буның ушын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген жуўапкершилик шаралары қолланылады

## 1.3. Мүлкий ҳуқықлардың өзине тән өзгешеликлери

Раўажланған базар қатнасықлары системасында затлар, мал-мүлклер ҳәм материаллық баҳалықлар менен бирге, олардан пайда болыўшы ҳуқықлар да экономикалық айланысты әмелге асырыў ушын зәрүр әҳмийетке болады. Бундай ҳуқыклар қатарына мал-мүлкти ийелеў, пайдаланыў ҳәм бийлик етиў ҳуқықы менен бирге, илим, әдебият ҳәм көркем өнер шығармасына қарата мүлкий ҳуқыклар ҳәм қымбат баҳалы қағазларға қарата мүлкий ҳуқықлар дегенде өз ийесине ҳәр дайым мәпдарлық келтиретуғын ҳәм материаллық баҳалықлардан айрықша ҳалында айланыста болатуғын ҳуқықлар түсиниледи.

Соның менен бирге, Өзбекстанның ғәрезсиз раўажланыўы дәўиринде мүлкий ҳуқықларды өзинде сәўлелендириўши қымбат баҳалы қағазлар базарын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў тараўында бир қатар нызамлар қабыл етилген болса да, олардын раўажланыўы ҳәм жетилистирилиўиниң бирден бир концептуал тийкары бар емес, бул болса базардың динамикалық кәлиплесиўи, оның ҳуқықый тәмийинленгенлигинен артта қалыўына себеп болмақта. Сонлықтан, мүклий ҳуқықларды белгиленген формаға ҳәм мәжбүрий реквизитлерге әмел қылған ҳалда тастыйықлаўшы ҳүжжетлер қымбат баҳалы қағазлар есапланады. Соның менен бирге, қымбат баҳалы қағазлар экономикалық айланыстағы мүлкий ҳуқықларды өткериў ҳәм миннетлемелерди орынлаў өзгешеликлерин тәртипке салыўшы ҳуқықый институт сыпатында өз көринисине ийе болады.

Мүлкий ҳуқықлардың өзине тән көриниси сыпатында аңлатылған қымбат баҳалы қағазлардың ҳуқықый тәбиятына тоқталып соны айтыў мумкин, қымбат баҳалы қағазлар өзинде сәўлеленген ҳуқықтың материаллық жеткериў бериўшиси болып, жеке ҳәм түрге тән белгилери менен белгиленетуғын зат есапланады. Ю.Назаровтың пикиринше,

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 96-статьясы қымбат баҳалы қағазлардың ҳүжжет екенлигин атап өтип, олардың затлар қатарына кириўине ишара етеди, себеби, ҳәр қандай ҳүжжет материаллық баҳалықлардың предмети болып, өзинде мағлыўмат формасындағы ҳәриплер, санлар ҳәм басқа белгилерди көрсетип өтеди. Бунда қымбат баҳалы қағазлар сыпатында ҳәр қандай ҳүжжет емес, ал нызам хүжжетлеринде белгиленген форма ҳәм мәжбүрий реквизитлерге әмел қылып дүзилген ҳәм әмелде ийелик етиў белгили бир пайданы бериўин талап етиў ҳуқыкын беретуғын ҳүжжет сыпатында түсиниледи.

Қымбат баҳалы қағазлардың зат сыпатындағы өзгешелиги олардың белгили бир формада көриниске ийе болыўы, шахстың мүлкий ҳуқықлары затлық көринисин тәмийинлеўи менен сыпатланады[15].

Усы пикирлерди даам етип соны айтыў мүмкин, қымбат баҳалы қағазлар мүлкий ҳуқықты аңлатыўда мүлкий ҳуқық ийесиниң атын өзинде көрсетсе, бул түрдеги қымбат баҳалы қағаз жеке белгилери менен белгиленетуғын затлар топарына киреди, егер, қымбат баҳалы қағазда мүлкий ҳуқық ийесиниң аты көрсетилмесе, бул түрдеги қымбат баҳалы қағазлар түрге тән белгилери менен белгиленетуғын зат есапланады. Сол себепли, қымбат баҳалы қағазлар хожалық ҳуқықы объектлери киши системасында өзине тән орынға ийе ҳәм олардың нызам шығарыўшы тәрепинен затлар топарына киритилиўи қымбат баҳалы қағазлар бойынша қатнасықлар исенимлилигин арттырыўды талап етеди.

Өзбекстан Республикасының «Қымбат баҳалы қағазлар базары ҳаккында»ғы Нызамға муўапық, қымбат баҳалы қағазлар- ҳүжжетлер болып олар бул ҳүжжетлерди шығарған юридикалық шахс пенен олардың ийеси ортасындағы мүлкий ҳуқықларды яки заём мүнәсибетлерин тастыйықлайды, дивидендлер яки процентлер тәризинде дәрамат төлеўди ҳәмде усы ҳүжжетлерден келип шығатуғын ҳуқықларды басқа шахслапрға өткериў имканиятын нәзерде тутады[16].

Қымбат баҳалы қағазлардың баҳасы миллий валютада өз конисине ийе болады. Қымбат баҳалы қағазлар мулкий ҳуқықлардың дизимнен өткерилиў ҳалатынан келип шығып, ийесиниң аты жазылған қымбат баҳалы қағазлар ҳәм эмиссиялық қымбат баҳалы қағазларға бөлинеди.

Ийесиниң аты жазылған қымбат баҳалы қағазлар – мүлкий ҳуқықлардың реализация етилиўи өз ийесиниң дизимнен өткерилиўин талап ететуғын қымбат баҳалы қағазлар есапланады. Бир дана шығарылыўы шеңберинде бир қыйлы белгилер ҳәм

---

[15] Назаров Ю.Б. Проблемы правового регулирования выпуска и обращения ценных бумаг в гражданском обороте: Автореф. дисс…докт.юрид.наук. –Ташкент, 2008. – 17-с.
[16] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси палаталарининг Ахборотномаси, 2008 йил, № 7, 354-модда

реквизитлерге ийе болған, усы шығарылыў ушын бирден-бир шәртлер тийкарында жайластырылатуғын ҳәмде айланыста болатуғын қымбат баҳалы қағазлар болса, эмиссиялық қымбат баҳалы қағазлар сыпатында тән алынады.

Атап өтиўимиз керек, хожалық нызамшылығы ҳәм хожалық ҳуқықы пәниниң раўажланыўы мәлимлеме технологияларының қәлиплесип барыўы менен байланыслы болған жедел раўажланып ҳәм өзгерип баратырған экономикалық процесс талапларына жуўап бере алмай қалмақта. Бүгинги күнде базар қатнасықлары көбинесе техника ҳәм программалы тәмийинлеўдиң жоқары дәрежесине базардың объектив талаплары дәрежесинде болмаған ҳуқықый нормаларға тийкарланбақта. Соның менен бирге, қымбат баҳалы қағазлар арқалы мүлкий ҳуқықлардың хожалық айланысын тәмийинлеўиндеги бүгинги күндеги бар болған мәселелерди шешиўге қаратылған нызам нормаларын жетилистириў зәрүрияты көзге тасланбақта ҳәм бул жағдай биринши нәўбетте қымбат баҳалы қағазларда өз көринисине ийе болған мүлкий ҳуқықлардың тәмийинленгенлик дәрежесин белгилеў менен байланыслы болып есапланады.

Усы көз-қарастан қымбат баҳалы қағазларға болған мүлкий ҳуқықлар тийисли тәртипте Өзбекстан Республикасының “Қымбат баҳалы кағазлар хаққында”ғы Нызамы менен тәртипке салынады[17].

Усы Нызамда қымбат баҳалы қағазлар түсинигине берилген сыпатлама мүлкий ҳуқықларды тастыйықлаўшы усы ҳүжжетти жетерли дәрежеде сәўлелендирмеген, деген жуўмаққа келиў мүмкин, пикиримизше, Нызамдағы қымбат баҳалы қағазлар менен байланыслы қатнасықлар субъектлери шеңбериниң шеклениўин сапластырыў ҳәм усы Нызамда “қымбат баҳалы кағазлар” түсинигине берилген сыпатламаға “нызамда белгиленген форма ҳәм мәжбүрий реквизитлерге ийе болған” сөзлерин қосыў ҳәм усы сыпатламаны төмендегише редакцияда баян етиў мақсетке муўапық болар еди: “қымбат баҳалы кағазлар – нызамда белгиленген форма ҳәм мәжбүрий реквизитлерге ийе болған ҳүжжетлер болып, олар мүлкий ҳуқықларды яки қарыз мүнәсибетлерин тастыйықлайды, дивидентлер яки процентлер тәризинде дәрамат төлеўди ҳәмде усы ҳүжжетлерден келип шығатугын ҳуқықларды басқа шахсларға өткериў имканиятын нәзерде тутады”.

Мүлкий ҳуқықлардың өзине тән көриниси сыпатында интеллектуал мүлк объектлери болған илим, әдебият ҳәм көркем өнер шығармалары, ойлап табыўлар, пайдалы моделлер ҳәм санаат үлгилерине қарата мүлкий ҳуқықлар болып, Өзбекстан Республикасының “Авторлық ҳуқықы ҳәм түрлес ҳуқықлар ҳаққында”ғы Нызамына көре, автордың төмендеги мүлкий ҳуқықлары бар: тәкирарлаў ҳуқықы; тарқатыў ҳуқықы;

[17] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси палаталарининг Ахборотномаси, 2008 йил, № 7, 354-модда

ҳәммениң итибарына жеткериў ҳуқықы; ижараға бериў ҳуқықы, импорт қылыў ҳуқықы, кабел арқалы жибериў ҳуқықы, қайта ислеў ҳуқықы, адамлар арасында көрсетиў ҳуқықы, эфирге узатыў ҳуқықы, дилмашлық етиў ҳуқықы, бәршениң итибарына тәкирар тәриздежибериў ҳуқыкы, ҳақы алыў ҳуқықы, ийелик етиў, пайдаланыў ҳәм бийлик етиў ҳуқықы.

Улыўмалық қағыйдаға көре, мүлкий ҳуқықтың мазмуны автордың усы өзи жаратқан интеллектуал искерлик нәтийжесинен пайдаланыўы, басқаларға ҳақы есесине пайдаланыўға бериў яки ҳақы есесине пайдаланыў ушын руқсат бериў ямаса ҳақы есесине бул нәтийжеге қарата ҳуқықларды басқаларға жеткериў имканиятлары менен белгиленеди[18].

Интеллеутал искерлик нәтийжелерине қарата мүлкий ҳуқықлар ийеси өз ҳуқықларын ғәрезсиз бийлик етеди. Егер, интеллектуал искерлик нәтийжелери авторласлықта жаратылған болса, мүлкий ҳуқыклар авторлардың өз-ара келисими тийкарында әмелге асырылады.

Атап өтиў орынлы, интеллеутал искерлик нәтийжелерине қарата мүлкий ҳуқықлар жеке ҳукықлардан парықланып, белгили бир мүддет даўамында әмел қылады. Авторлық ҳуқықы объектлерине қарата абсалют ҳуқыклар автордың пүткил өмири даўамында қайтыс болғанын кейин ол қайтыс болған кейинги жылдың биринши январынан баслап 50 жыл даўамында әмел қылады. Авторласлықта жаратылған шығармага болған абсалют ҳуқыклар ушын бундай 50 жыл мүддеттиң басланыўы ең узақ жасаған авторлас қайтыс болғанынан кейин басланады. Жасырын лақап астында яки имзасыз баспадан шығарылған шығармаға болған абсалют ҳуқык шығарма баспадан шығарылған жылдың кейинги жылының 1-январынан баслап 50 жыл даўамында әмел қылады. Егер Шығарма автор қайтыс болғанынан кейин 50 жыл ишинде биринши мәртебе баспадан шығарылса, абсалют ҳуқык шығарма баспадан шыққан жылдан кейинги жылдың 1-январынан баслап 50 жыл даўамында әмел қылады (Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 1065-статьясы).

Мүлкий ҳуқыклардың өзине тән өзгешелиги соның менен бирге, ижара ҳуқықы менен де белгиленеди. Соны да атап өтиў орынлы, ижара ҳуқыкы бул ең алды менен пуқаралық ҳуқықый шәртнмалар (мүлк ижарасы шәртнамасы ҳәм оның түрлери) тийкарында жүзеге келетуғын салыстырмалы ҳуқык болып есапланады. Пикиримизше, ижара ҳуқықын абсалют затлық ҳуқық сыпатында талқылаў, оларды ҳуқықый жақтан системаластырыў ҳәм бул ҳуқықларды әмелге асырыў шеңберинбелгилеў мүмкин емес.

[18] Фуқаролик ҳуқуқи. Иккинчи қисм. –Тошкент: Илм-зиё, 2008. – 676-б.

Себеби, ижара ҳуқықы өзине тән мүлкий ҳуқық сыпатында мал-мүлкке қарата "ийелик етиў ҳәм пайдаланыў" яки "пайдаланыў ҳуқықы"н өз ишине алады. Бул түрдеги ҳуқықлар мүлкдар – ижараға бериўши тәрепинен мүлктиң титул ийеси – ижараға алыўшыға ўақтыншалық берилиўи мүлк ижарасы шәртнамасы менен тәртипке салынады.

# II БАП. ХОЖАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫНДА МҮЛКИЙ ҲУҚЫҚЛАР ТҮРЛЕРИ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ЮРИДИКАЛЫҚ ТӘБИЯТЫ

## 2.1. Хожалық ҳуқықында затлық ҳуқыклар мүлкий ҳуқықлардың бир түри сыпатында

Мүлкий ҳуқықлар системасында меншик ҳуқықы менен бир қатарда затлық ҳуқықлар әҳмийетли орынды ийелейди. Бизге белгили, мүлкдар ҳәр қашан өз мал-мүлкине қарата жеке өзи барлық ўәкилликлерди әмелге асырыў имканиятына ийе бола бермейди. Айырым жағдайларда обьектив себеплерге көре (мәселен, мәмлекетлик мүлкти басқарыўда) ямаса мүлкдардың ер жетпегенлиги, мүлкти жеке өзи басқарыў ҳуқықынан пайдаланыў имканиятына ийе емеслиги ҳәм басқалар себепли мал-мүлк басқа шахслар ықтыярына ўақтыншалыққа тапсырылыўы мүмкин. Мине усындай жағдайларда мүлкдар болмаған шахс басқалардың мал-мүлкине ийелик кылыўы, пайдаланыўы ҳәм мүлкдар руқсат берген шеңберде бийлик етиўи затлық ҳуқықлар арқалы әмелге асырылады. Сонлықтан, затлық ҳуқықлар мүлкдардың разылығы менен оның мал-мүлкиниң басқа шахслар тәрепинен ийелеў, пайдаланыў тәртибин белгилеўши ҳуқықый қураллар сыпатында дүзилиўи мүмкин.

Затлық ҳуқықлар - шегараланған характер ҳәм қурамға ийе болыўы, мүлкий ҳуқықлардан келип шығып, оған байланыслы болыўы, абсалют тәртипте қорғалыўы сыяқлы өзгешеликлери менен характерленеди[19].

Өзбекстан Республикасының әмелдеги нызамларына тийкарланып затлық ҳуқықлардың төмендеги түрлери бар:

-хожалық жүритиў ҳуқықы ҳәм оператив басқарыў ҳуқықы;

-мийрас қылып қалдырылатуғын жер участкасына өмирлик ийелик қылыў ҳуқықы;

-жер участкасына турақлы ийелик қылыў ҳәм оннан пайдаланыў ҳуқықы;

-сервитут ҳуқықы.

Хожалық жүритиў ҳуқықы мәмлекетке қараслы кәрханаларға қарата кең қолланылады. ПК ниң 176-статьясына тийкар хожалық жүритиў ҳуқықы тийкарында ықтыярында мал-мүлк болған мәмлекетлик унитар кәрхана бул мал-мүлкке ПК де белгиленген шеңберде ийелик қылады, пайдаланады ҳәм оны бийлик етеди. Унитар кәрхана дегенимизде өзине бириктирип қойылған мал-мүлкке қарата мүлкдар тәрепинен меншик ҳуқықы берилмеген коммерциялық шөлкем түсиниледи. Унитар кәрхананың мал-мүлки бөлинбейди ҳәм ол қосылған еселер (үлеслер, пайлар) бойынша, соның ишинде, кәрхана хызметкерлери ортасында да бөлистирилиўи мүмкин емес (ПК ниң 70-статьясы).

---

[19] Гражданское право. //Под ред. А. П. Сергеева, Ю. К. Толстого. -М.: ТЕИС. 1996. -312-317 б.

Хожалық жүритиў ҳуқықында мүлкий ҳуқықлар өз мазмунына көре еки бөлимнен ибарат болады:

а) хожалық жүритиў ҳуқықы тийкарында кәрханаға бириктирип қойылған мал-мүлкке қарата мүлк ийесиниң ҳуқықлары ПК ниң 177-статьясы 1 ҳәм 2-бөлимине тийкар бул ҳуқықлар төмендегилерден ибарат:

-нызамға муўапық кәрхана дүзиў;

-кәрхана искерлиги тараўын ҳәм мақсетлерин анықлаў;

-кәрхананы қайта дүзиў ҳәм сапластырыў мәселесин шешиў;

-кәрхана директорын (баслығын) тайынлаў;

-кәрханаға қараслы мал-мүлктен белгиленген мақсетлерде пайдаланыў ҳәм оның сақланыўын қадағалаў;

-хожалық жүритиўде болған мал-мүлкти ислетиўден келген пайданың бир бөлегин өзине алыў.

Мүлкдардың усы ҳуқықлары соның менен бир ўақытта хожалық жүритиўши кәрхананың миннетлемелери де болып табылады. Буған тийкар кәрхана хожалық жүритиў ҳуқықы тийкарында өзине бириктирилген көшпес мүлкти мүлкдардың разылығысыз сатыўға, ижараға бериўге, гиреўге қойыўға, хожалық ширкетлери ҳәм жәмийетлериниң устав фондына есе, үлес сыпатында тапсырыўға яки оны басқаша усылда бийлик етиўге ҳақылы емес.

б) хожалық жүритиў ҳуқықы тийкарында өзине мал-мүлк бириктирилген кәрхана бул мал-мүлкке қарата жоқарыда көрсетилген ҳуқықлардын тысқарыда болған ҳуқық ҳәм ўәкилликлерди әмелге асырыўға ҳақылы. Кәрханаға қараслы мал-мүлкти ол ғәрезсиз бийлик етеди (нызамда белгиленген жағдайлар буннан тысқары).

Хожалық жүритиў ҳуқықы тийкарында искерлик жүритиўши кәрхана администрациясы мүлкдар яки ол ўәкил қылган орган тәрепинен тайынланады ҳәм оларға есап береди[20].

Өзбекстан Республикасы ПК ниң 178-статьясында оператив басқарыў ҳуқықының мазмуны берилген. Оған тийкарланып мәмлекетлик кәрхана, сондай-ақ, мекеме өзлерине бириктирип қойылған мал-мүлкке қарата нызамда белгилеп қойылған шеңберде, өз искерлигиниң мақсетлерине, мүлкдардың тапсырмаларына ҳәмде мал-мүлктиң ўазыйпасына муўапық ҳалда ийелик қылыў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў ҳуқықларын әмелге асырады.

---

[20] Гражданское право: Учеб.: В 3 т. Т.1. -6-е изд. ,перераб. Г75 и доп./Н. Д. Егоров, И. В. Елисеев и др.; Отв. ред. А. П. Сергеев, Ю. К. Толстой.-М.: ТК Велби, Изд-во Проспект.2003. -315 с.

Мәмлекетлик кәрхана яки мекемеге бириктирип қойылған мал-мүлктиң ийеси артықша пайдаланылмай атырған яки орынсыз пайдаланылып атырған мал-мүлкти алып қойыў ҳәмде оны өзи қәлеген тәризде бийлик етиўге ҳақылы.

Оператив басқарыў ҳуқықында пайдаланыўшы мекеме өзине бириктирип қойылған мал-мүлкти ҳәм смета бойынша оған ажыратылған қаржылар есабына сатып алынған мал-мүлкти басқа шахсқа бериўге яки басқаша усыл менен бийлик етиўге ҳақылы емес. Егер шөлкемлестириў ҳүжжетлерине муўапық мекемеге дәрамат келтиретуғын искерлик пенен шуғылланыў ҳуқықы берилген болса, бундай искерликтен алынған дәраматлар, бул дэраматлар есабынан сатып алынған мал-мүлк мекемениң ғәрезсиз бийлигине өтеди ҳәм өз алдына балансга есапта алып барылады (мысалы, мәмлекетке қараслы жоқары оқыў орны кафедрасы тәрепинен шәртнама тийкарында изертлеўлер өткерип, ислеп табылған қаржылар мине усындай тәртипте бийлик етиледи).

Мәмлекетлик кәрхана өзине бириктирип қойылған мал-мүлкти оның ийесиниң (яғный мәмлекеттиң) разылығы менен ғана басқа шахсқа бериўге яки оны басқаша усылда бийлик етиўге ҳақылы[21]. Егер нызам ҳүжжетлеринде басқаша белгиленген болса, мәмлекетлик кәрхана ислеп шығаратуғын өнимлерди өзи ғәрезсиз түрде реализация қылады. Мәмлекетлик кәрхананың дәраматларын бөлистириў тәртиби оның мал-мүлки мүлкдары тәрепинен белгиленеди. Оператив басқарыў ҳуқықы тийкарында искерлик жүритиўши мәмлекетлик кәрхананың мал-мүлки жетерли болмағанында мәмлекет оның миннетлемелери бойынша субсидиар жуўапкер болады (ПК ниң 72-статьясы, 5-бәнти).

Хожалық жүритиў ҳуқықы яки оператив басқарыў ҳуқықының жүзеге келиўи ҳәм бийкар болыўы да өзине тән өзгешеликлерге ийе саналады. Соның ишинде, унитар кәрханаға яки мекемеге өз мал-мүлкин хожалық жүритиў ҳуқықы яки оператив басқарыў ҳуқықы тийкарында бириктирип қойыў ҳаққындағы қарар бириктирип қойылатуғын мал-мулк ийеси (мүлкдары) тәрепинен қабыл қылынады. Бирақ затлық ҳуқықтың жүзеге келиўи ушын сондай қарарды қабыл қылыў жетерли емес. Толық хожалық жүритиў ҳуқықы яки оператив басқарыў ҳуқықы бириктирип қойылатуғын мал-мүлк мүлкдар тәрепинен унитар кәрхана яки мекемеге тапсырылған ўақыттан баслап жүзеге келген есапланады (егер, нызам ҳүжжетлеринде яки мүлкдардың қарарында басқаша тәртип белгиленбеген болса).

Хожалық жүритиў яки оператив басқарыўда болған мал-мүлктен пайдаланыўдан алынған дәраматлар, ҳасыл ҳәм өнимлер, сондай-ақ, унитар кәрхана яки мекеме шәртнама

---

[21] Улыўмалық қағыйдаға көре, мүлк ҳуқықы үш тийкарғы элемент: ийелеў, пайдаланыў ҳәм бийлик етиўден ибарат. Солай екен, мүлк ҳуқықын әмелге асырыўға қаратылған барлық ҳәрекетлер мине усы үш элемент әтирапында болады ҳәм оларды жүзеге шығарыўға хызмет етеди.

бойынша ямаса басқа тийкарларда алған мал-мүлк нызамда белгилеп қойылған тәртипте кәрхана мекемесиниң хожалық жүритиўине яки оператив басқарыўына өтеди.

Хожалық жүритиў яки оператив басқарыў ҳуқықы тийкарында кәрхана яки мекемеге бириктирип қойылған мал-мүлк мүлкдардың қарары менен кәрхана яки мекемениң мал-мүлки нызамлы түрде алып қойылған жағдайларда бийкар болады. Соның менен бир ўақытта, хожалық жүритиў яки оператив басқарыў ҳуқықы меншик ҳуқықының бийкар болыўы нызамлы тийкарлары жүзеге келген жағдайларда (меншик ҳуқықының бийкар болыўы тәртиби) бийкар болыўы мүмкин.

Мүлкий комплекс сыпатындағы мәмлекетлик кәрханаға болған меншик ҳуқықы мәмлекетлик мал-мүлктиң басқа мүлкдарға өткен ўақытта бундай кәрхана өзине қараслы мал-мүлкке хожалық жүритиў ҳуқықын да сақлап қалады. Оператив басқарыў ҳуқықына ийе болған мекеме яки кәрханаға меншик ҳуқықы басқа шахсқа өткенинде бул мекеме ҳәм кәрхана өзине бириктирип қойылған мал-мүлктиң оператив басқарыў ҳуқықын өзинде сақлап қалады[22].

Мийрас қылып қалдырылатуғын жер участкасына ийелик қылыў ҳуқықы бул затлық ҳуқықтың бир түри болып, пуқараның белгиленген өлшемдеги ҳәм нызамда нәзерде тутылған жағдайларда мүтәжликлерин қанаатландырыў мақсетинде жер участкасына қарата тиккелей ийелик қылыў ҳуқықы болып табылады. Бундай затлық ҳуқық түри пуқараларға өндирис зәрүрликлерин қанаатландырыў ушын (дийхане хожалығы, бағшылық, шарўашылық, миллий халық өнерментшилиги), жеке зәрүрликлерин қанаатландырыў ушын (турақ жай, дала ҳәўли қурыў ҳәм реконструкциялаў ушын) хожалық емес искерлик жүргизиў ушын берилиўи ҳәм турақ жайды мийрас сыпатында қабыл қылыў менен жүзеге келеди. Мийрас қылып қалдырылатуғын жер участкасына өмирлик ийелик қылыў ҳуқықының *объекти* - берилетуғын мақсетлерден келип шығып, өлшеми нызам менен тәртипке салынатуғын жер участкасы есапланады. *Субъекти* - физикалық шахслар болып табылады. Соны да айтыў керек, дийхан хожалығына мийрас қылып қалдырылатуғын өмирлик ийелик қылыўға берилген үй алды жер участкалары меншиклестирилиўи ҳәм алды-сатты, гиреў, саўға, алмастырыў лбъекти болыўы мүмкин емес. Бирақ, бул ҳуқық кредит алыў ушын гиреўге қойылыўы мүмкин.

Жер участкасына турақлы ийелик қылыў ҳәм оннан пайдаланыў ҳуқықы нызамда юридикалық шахсларға берилип, ол да затлық ҳуқықлардың айрықша түри сыпатында көринеди. Жер кодекси[1]ниң 17-статьясына көре, юридикалық шахслар жер участкасынан

---

[22] Жилинский С.Э. Предпринимательское право (правовая основа предпринимательской деятельности): Учебник для вузов. – М.: Норма, 2004. –С.928

турақлы ийелик қылыў ҳәм пайдаланыў, мүддетли (ўақтынша) пайдаланыў, ижараға алыў ҳуқықына ийе болып есапланады.

Бундай жағдайда жерден пайдаланыў ҳуқықы шәртнамадан келип шығады ҳәмде абсалют тәризде қорғалады. Бунда субъект юридикалық шахслар болып, объекти - конкрет белгиленген жер участкасы есапланады. Усы Кодекске муўапық, жер участкасы ижара шәртнамасы тийкарында мүддетли, ҳақы есесине ийелик қылыў ҳәм пайдаланыў ушын төмендегилерге берилиўи мүмкин:

-Өзбекстан Республикасы пуқараларына ҳәм юридикалық шахсларына;

-шет ел инвестициялары қатнасыўындағы кәрханаларға, халық аралық бирлеспелер ҳәм шөлкемлерге, шет елли юридикалық ҳәм физикалық шахсларға.

Бундай затлық ҳуқық түринде жер пайдаланыўшыларға аўыл хожалығы, тоғай хожалығы, диний шөлкемлер, қорғаныў зәрүрликлери ушын берилиўи мүмкин. Олар бунда белгиленген жер участкасында ғәрезсиз хожалық жүритиў ҳуқықына ийе болады, сондай-ақ, жетистирилген ҳасылдан түскен дәраматларды еркин реализация қылыў ҳуқықына ийе болады. Жер участкалары елиў жылға шекем болған, лекин он жылдан кем болмаған мүддетке ижараға бериледи.

Көшпес мүлк ийеси қоңсы жер участкасының ийесинен, зәрүр жағдайларда болса, басқа жер участкасының ийесинен де өзгениң жер участкасының шекленген тәризде пайдаланыў (сервитут) ҳуқықын бериўди талап қылыўға ҳақылы болып табылады. Өзгениң жер участкасынан пияда ҳәм транспортта өте алыўды тәмийинлеў, электр узатыў, байланыс ҳәм труба линияларын өткериў, олардан пайдаланыў, суў менен тәмийинлеў ушын, сондай-ақ, көшпес мүлк ийесиниң мүтәжликлерин, сервитут белгилемей турып тәмийинлеў мүмкин болмаған басқа зәрүрликлерди қанаатландырыў ушын сервитут белгилениўи мүмкин. Жер участкасына сервитут белгилениўи жер участкасы ийесиниң усы участкаға ийелик қылыў, оннан пайдаланыў ҳәм оны бийлик етиў ҳуқықларынан маҳрум етпейди.

Сервитут белгилеўди талап етип атырған шахс пенен басқа жер участкасының ийеси ортасындағы питимге көре, сервитут белгиленеди ҳәм ол көшпес мүлкке болған ҳуқықларды дизимнен өткериў ушын белгиленген тәртипте дизимнен өткерилиўи лазым. Сервитутты белгилеў ҳаққында келисе алмаса, тартыс сервитутты талап қылып атырған шахстың даўасы бойынша суд тәрепинен шешиледи. Пуқаралардың сервитут ҳуқықлары коммерциялық мақсетлерден жырақ болғанлығы ушын кең мүлкий ҳуқықларды талап етпейди[23].

[23] Тадбиркорлик хуқуқи. / Масъул муҳаррир. Ф.Ҳ.Отахонов. -Тошкент: ТДЮИ, 2003.-43-б

Сондай-ақ, гиреў де затлық ҳуқық түри есапланады. Оның предмети ҳәр қандай мал-мүлк, сондай-ақ, затлар ҳәм мүлкий ҳуқықлар болыўы мүмкин. Айланыстан шығарылған мал-мүлк, кредитордың шахсы менен тығыз байланыслы болған талапнамалар, соның ишинде, өмири ҳәм ден саўлығына жеткерилген зыянды қаплаў ҳаққындағы талаплар, алиментлер ҳаққындағы талаплар ҳәмде басқа шахсқа берилиўи нызам менен қадаған етилген басқа талаплар буннан тысқары болып табылады. Гиреў түрлерине ипотека яғный көшпес мүлкти гиреўге қойыў ҳәмде закалат киреди.

## 2.2. Миннетлемелерге тийкарланған мүлкий ҳуқықлар ҳәм олардың өзине тән өзгешеликлери

Базар қатнасықлары шәраятындағы экономикалық айланысты ҳуқықый жақтан тәмийинлеўде, товарлар, жумыслар ҳәм хызметлер ҳәрекетин тәртипке салыўда хожалық айланысы шешиўши орын ийелейди. Себеби, усы айланыс арқалы экономикалық раўажланыўдың тийкарғы қағыйдасы товар-пул-товар айырбаслаў жүз береди ҳәм экономикалық турақлылық тәмийинленеди. Пуқаралық нызамшылығы пуқаралық айланыс түсинигиниң анық сыпатламасын белгилеп бермейди. Бирақ, Пуқаралық кодексиниң 82-статьясы пуқаралық ҳуқықлары объектлериниң айланыста болыўы түсинигине сыпатлама бериў арқалы усы түсиниктиң де мазмуны ҳәм мәнисин ашып беретуғын тийкарғы жағдайларды нәзерде тутады. Усы статьяға муўапық, пуқаралық ҳуқықларының объектлери еркин түрде басқа шахсларға берилиўи яки универсал ҳуқықый мийрасхорлық (мийрас етип алыў, юиридкалық шахсты қайта дүзиў) тәртибинде ямаса басқа усыл менен, егер олар айланыстан шығарылмаған яки олардың айланыста болыўы шеклеп қойылмаған болса, бир шахстан екинши шахсқа өтиўи мүмкин.

Усы тийкарда мүлкий ҳуқықлардың айланыста болыўы дегенде олардың бир шахстан екинши шахсқа еркин тәризде нызам ҳүжжетлеринде белгиленген қураллар арқалы белгиленген формада рәсмийлестириўлер жолы менен бир шахстан екинши бир шахсқа өтиўи түсиниледи, деп сыпатлама бериў мақсетке муўапық болар еди. Себеби, мүлкий ҳуқықлар көпшилик жағдайларда өзин пайда еткен материаллық баҳалықлардан айрықша ҳалында айланыста болады ҳәмде материаллық емес баҳалықларға тийкарланған мүлкий ҳуқықлардың айланысы өз алдына нызамшылық пенен тәртипке салынады.

Миннетлемелерге тийкарланған мүлкий ҳуқықлардың айланыста болыўы да белгили бир тәризде өзине тән өзгешеликлерге ийе болып есапланады. Соның ишинде, ижара ҳуқықын айланысқа киритиўде усы ҳуқықты айланысқа киритиў ҳәм бул ҳуқық тийкарында берилген мал-мүлкти айланысқа киритиўден парықланыўына итибар қаратыў тийис. Әмелдеги, Өзбекстан Республикасы пуқаралық нызамшылығы усы жағдайда итибарға алмағанлығын көриўимиз мумкин. Соның ишинде, “ижараға алынған мал-мүлкти бийлик етиў” деп аталатуғын Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 546-статьясында ижараға алынған мал-мүлкти бийлик етиў ҳәм ижара ҳуқықын бийлик етиў (яғный айланысқа киритиў) араластырып, бир улыўмалық объект сыпатында берилген болып, усы статьяның биринши бөлимине муўапық, егер Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексинде, басқа нызам ҳүжжетлеринде басқаша тәртип белгиленген болмаса, ижараға алыўшы ижараға алынған мал-мүлкти ижараға бериўшиниң

разылығы менен екилемши ижараға (қосымша ижараға) тапсырыўға, мүлк ижарасы шәртнамасы бойынша өз ҳуқық ҳәм миннетлемелерин басқа шахсқа өткериўге (қайта ижара), ижараға алынған мал-мүлкти бийпул пайдаланыў ушын бериўге, сондай-ақ, бул ҳуқықларды гиреўге қойыўға ҳәм оларды хожалық ширкетлери ҳәм жәмийетлери устав фондына (капиталына) үлес сыпатында яки өндириў кооперативине пай взносы сыпатында тапсырыўға ҳақылы болып есапланады.

Көрсетип өтилген жағдайларда бес түрдеги ҳәрекетлердли әмелге асырыў арқалы ижара мүлкин бийлик етиў белгиленген болып, солардан, дәслепки үшеўи ижараға берилген мал-мүлкти бийлик етиўди нәзерде тутса, қалған екеўи ижара ҳуқықын бийлик етиўди нәзерде тутады.

Егер, “қосымша ижара”, “қайта ижара” ҳәм бийпул пайдаланыўға бериўде ижараға алыўшы ижараға берилген мал-мүлкти бийлик етиў ҳәрекетлерин әмелге асырса, ижара ҳуқықын гиреўге қойыў ҳәм устав фондына үлес сыпатында қосыў болса ижара ҳуқықын бийлик етиў есапланады. Бул болса, Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 546-статьясының атамасы ҳәм мазмуны бир-бирине сәйкес келмеслигин көрсетеди. Сонлықтан, статья атамасы “Ижараға алынған мал-мүлкти бийлий етиў”ди нәзерде тутқан ҳалда онда, ўзине тән мүлкий ҳуқық болған ижара ҳуқықын бийлик етиў ҳаққында сөз жүритилген. Сол себепли, статья атамасына қосымша киритиў ҳәм оны “Ижараға алынған мал-мүлкти ҳәм ижара ҳуқықын бийлик етиў” деп атама бериў мақсетке муўапық болар еди.

Ижара ҳуқықын юридикалық шахслардың устав фондына үлес сыпатында киритиў мәселесин үйренип, С.Б.Бобоқулов төмендегише пикирлерди билдиреди:

-ижара ҳуқықы – мүлкий ҳуқық. Бул ҳуқық пуқаралық айланысында мүлк ҳуқықы, абсалют ҳуқықлар сыяқлы еркин ҳәрекетте бола алмайды. Ҳәттеки, бүгинги күнде устав капиталы мүлк ҳуқықы сыпатындағы мал-мүлктен қуралған юридикалық шахсларға қарата да кредиторларда исенимсизлик бар, егер де усы устав капиталы ликвидлик емес (керексиз мал-мүлк) мал-мүлклерден қуралған болса. Әдетте, кимзыят саўдасына қойылғанда талап жоқары болған қарыйдары көп мал-мүлклер ликвид мал-мүлклер есапланады. Мәселен, көшпес мүлклер, автотранспорт қураллары.

Ликвидлик мал-мүлклер болса руўхый ескиргени, қарыйдары көп болмағаны себепли ким зыят саўдасына қойылғанда да реалищация етиў имканияты болмайтуғын товарлар есапланады.

Сол көз-қарастан алғанда ижара ҳуқықын ликвид яки ликвид емес мүлкий ҳуқықлар топарының қайсы бирине кириўин анықлаў машқаласы пайда болады. Бул

орында, соны атап өтиў тийис, ижараға ҳуқықы ликвид яки ликвид емес деп қатаң түрде айтыў мүмкин емес[24].

Ж.И.Юлдашевтың устав фондына тек мал-мүлк емес, ал мүлкий ҳуқыклар, гудвил, исшеңлык абыройы, фирма атына болған ҳуқық сыяқлыларды да киритилиўин нызам менен тастыйықлап қойыў ҳәм мақсетке муўапық. Лекин келешекте кредиторлардың мәплерин қорғаў ушын жәмийеттиң материаллық ҳалаттағы мал-мүлки тийкар болыўын итибарға алып, устав фондына киритилип атырылған материаллық емес баҳалықлардың муғдары көби менен улыўмалық киритилип атырылған капиталдың 30 процентинен аспаўы кереклиги де нызамда анық белгиленип қойылыўы лазым. Себеби, жәмийеттиң тийкарғы устав капиталының үлкен бөлегин материаллық емес баҳалық қурайтуғын болса, кредиторлар мәплерин тәмийнлеў мәселеси сораў астында қалыўы мүмкин[25].

Ижара ҳуқықы да мүлкий ҳуқық сыпатында белгили бир баҳа менен характерленеди ҳәм бул ҳуқықты сап мәнистеги материаллық баҳалық сыпатында да баҳалаў оншелли туўры емес саналады. Себеби, ижара ҳуқықы белгили бир мал-мүлкке тийкарланады ҳәм оны устав фондына үлес сыпатында киритилиўине тек бул ҳуқық ийеси болған ижараға алыўшы емес, ал сол ҳуқықтың материаллық тийкары есапланған мал-мүлк ийеси де разылық бериўи усы устав фондындағы бул мүлкий ҳуқықтың материаллық көриниске ийе болыўын тәмийинлейди. Исшеңлик абыройы, гудвил, интеллектуал мүлк ҳуқықынан парықлы рәўиште ижара ҳуқықының экономикалық айланысы, соның ишинде, оның устав фондына киритилиўи бәркулла мүлкий тийкар менен өз-ара байланыслы ҳәм кредиторлардың талаплары мине усы ижара ҳуқықын бийлик етиў арқалы қанаатландырылыўы мүмкин.

Хожалық айланысында ижара ҳуқықының сатылыўы ҳаққында айтып өтетуғын болсақ, базарларда жайласқан турақлы саўда шақапшалары ҳәм саўда дуканларына болған ижара ҳуқықының сатылыўы бүгинги қунде кең әмел қылып атырғанлығына тоқталып өтиў лазым. Ҳәтте усы шәртнамалы қатнасықлардың рәсмийлестирилиўи ижара ҳуқықының алды-саттысы сыпатында атамаланбаса, юридикалық жақтан бундай алды-сатты турақлы саўда шақапшасына қарата ижара ҳуқықының сатылыўы есапланады. Бунда ижарага алыўшы ҳәм базар басқармасы ортасында дүзилген ижара шәртнамасы бийкар етилип, басқа шахстың (бул орында ижара ҳуқықын сатып алыўшының) атына қайта рәсмийлестирилсе де, биринши ижараға алыўшы ҳәм екинши ижараға алыўшы ортасында саўда шақапшасының ижара ҳуқықы сатылады ҳәм сол себепли биринши

---

[24] Бобоқулов С.Б. Иқтисодий ислоҳотлар жараёнида ижара шартномасини такомиллаштиришнинг ҳуқукий муаммолари. – Тошкент: ТДЮИ, 2006. – 12-б.

[25] Юлдашев Ж.И. Акциядорлик жамиятлари – фуқаролик ҳуқуқининг субъеккти сифатида. –Тошкент: ТДЮИ, 2004. – 116-б.

ижараға алыўшы екинши ижараға алыўшы пайдасына өзиниң ижара ҳуқықынан ўаз кешеди. Лекин, усы қатнасықлар ҳуқықый тәртипке салыў шеңберинен шетте қалып кетпекте. Сонлықтан, бундай шәртнамалар аўызеки келисим тийкарында әмелге асырылып, буннан ҳеш ким хабардар болмаслығы, шәртнама формасына әмел қылынбаўы себепли тартыс жүзеге келгенде тәреплердиң ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерине зыян жеткерилиўи ҳалатлары жүзеге келиўи мүмкин.

Пикиримизше, усы ҳалатлардан келип шығып, нызамшылықта "Турақлы саўда шақапшалары ҳәм дүканларға қарата ижара ҳуқықын бийлик етиў" атамасына ийе болған норманны киритиў ҳәм онда ижара ҳуқықын сатыў шәртнамасының формасы, оны рәсмийлестириў тәртиби, жаңа ижараға алыўшының атына турақлы саўда шақапшасына қарата ижара ҳуқықын белгилеў ҳәм усы сыяқлы басқа ҳалатлар өз көринисин табыўы лазым.

Атап өтиў орынлы, бүгинги күнде мүлкий ҳуқықлардың гиреўи де хожалық айланысында өзине тән орынған ийе саналады. Себеби, мүлкий ҳуқықлар да пуқаралық-ҳуқықый миннетлемелерди орынлаўды тәмийинлеўде белгили бир материаллық тийкар ўазыйпасын өтейди ҳәм тийкарғы миннетлеме орынланбағанда өндириў мүлкий ҳуқықлардың орынланыўына қаратылады. Әлбетте, бунда гиреў предмети есапланған мүлкий ҳуқықлар тийкарлы, гиреў менен тәмийинленип атырылған миннетлеме орыныланыўына мәжбүрлеўши болыўы ҳәм өзиниң реал ҳуқықый негизине ийе болыўы талап етиледи.

Әмелдеги тараў нызамшылығы гиреў түрлеринен бири сыпатында ҳуқықлар ширеўин көрсетип өтеди. Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 267-статьясына муўапық, ҳәр қандай мал-мүлк, соның ишинде, затлар ҳәм мүлкий ҳуқықлар (талаплар) гиреў нәрсеси болыўы мүмкин, айланыстан шығарылған мал-мүлк, кредитордың шахсы менен өз-ара тығыз байланыслы болған талапнамалар, соның ишинде. өмири ҳәм ден саўлығына жеткерилген зыянды қаплаў ҳаққындағы талаплар, алиментлер ҳаққындағы талаплар ҳәмде басқа шахсқа берилиўи нызам менен қадаған етилген басқа талаплар буған кирмейди.

Тап усындай қағыйда Қазақстан Республикасының Гражданлық кодексиниң 301-статьясында белгиленген. Буннан тысқары, Францияның 1909-жылда қабыл етилген "Кәрхананың алды-сатты ҳәм гиреў питимлери ҳаққында"ғы Нызамында да гиреў предмети ижара ҳуқықы ҳәм басқа мүлкий ҳуқықлар болыўы мүмкинлиги көрсетип өтилген.

И.Б.Зокировтың пикиринше, ҳуқықлар гиреўинде айырым ҳуқықлардың мүддетли екенлиги итибарға алыныў лазым. Мүддетли ҳуқық, оның әмел қылыў мүддети тамам болғанға шекем ғана гиреў нәрсеси болыўы мүмкин. Мәселен, ижара ҳуқықы – ижара шәртнамасында, оператив басқарыў ҳуқықы - ўәкилликли мәмлекетлик орган қарарында, патент ҳуқықы – нызамда белгиленген болады. Сол себепли, оның қашан баслыныўы ҳәм тамамланыўын гиреў шәртнамасы дүзилип атырылғанда есапқа алыў зәрүр.

Келешекте жүзеге келиўи мүмкин болған мүлкий ҳуқықлар да гиреў нәрсеси болыўы мүмкин ҳәм бул жерде тәўекелшилик әҳмийетли орын ийелейди ҳәм гиреўге алыўшы буған разылық бериўи лазым болады. Мәселен, аўыл хожалығында келешекте алыў мүмкин болған зүрәәттиң гиреўге қойылыўы жағдайлары көп ушырайды[26].

Мүлкий ҳуқықлар гиреўи әдеттеги затлар ҳәм мал-мүлклер гиреўине қарағанда кредиторлардың мәплерин тәмийинлеўде бир қатар әззи тәреплерге ийе болса да, мүлкий ҳуқықтың әмелде бар екенлиги бул ҳуқық қаратылған қарыздардың мойнындағы миннетлемени орынлай алыў имканияты бар екенлиги ҳәмде мүлкий ҳуқықтың мазмунынан келип шығып, оған қарата талаптың бар екенлиги ҳәмде мүлкий ҳуқықтың өзине тән баҳа ҳәм материаллық тийкар менен тәмийинленгенлиги мүлкий ҳуқықларды гиреў предмети сыпатында қолланылыўы имканиятын береди.

Айтып өтиўимиз тийис, мал-мүлк гиреўи ҳуқықый айланыста мүлкий ҳуқықлар гиреўине қарағанда көплеген артықмашлықларға ийе болады. Бундай артықмашлықлар қатарына Н.М. Исмоилов төмендегилерди көрсетип өтеди:

-гиреў шәртнамасы қарыздар кредитор алдындағы өз миннетлемелерин орынлаў пайытында мал-мүлк бар болыўын тәмийинлейди. Қалаберсе, гиреўге қойылған мал-мүлктиң баҳасы инфляция дәрежесине сәйкес рәўиште көтериледи;

-қарыздар мал-мүлкиниң гиреўи гиреўге алыўшы кредитордың өз талапларын усы мал-мүлк есабынан жеңилликли қанаатландырыў имканиятын тәмийинлейди;

-гиреўге қойылған белгили бир баҳалықтағы мал-мүлкти реал жоғалтыў қәўипи қарыздар ушын өз миннетлемесин лазым дәрежеде орынлаўға қосымша жуўапкершиликти жүклейди[27].

Мүлкий ҳуқықлар гиреўинде болса кредитор – гиреўге алыўшының тәўекелшилик қәўипи жүдә артады ҳәм бунда гиреўге алынған мүлкий ҳуқықлардың баҳасы кескин өзгериўи ҳәм әқыбетинде гиреў менен тәмийинленген миннетлеме қапланбаўы мүмкин.

---

[26] Зокиров И.Б. Фуқаролик ҳуқуки. I қисм. –Тошкент: ТДЮИ, 2009. – Б. 506-507.

[27] Исмоилов Н.М. О некоторых проблемах цивилистической науки и законотворческой практики. // “Фуқаролик қонунчилигининг ривожланиши ва долзарб муаммолари” мавзусидаги халқаро илмий-амалий конференция материаллари тўплами. –Тошкент: ТДЮИ, 2005. – С. 185.

Бул ҳалат, әсиресе, қымбат баҳалы қағазларды гиреўге алыў қатнасықларында көп бақланыўы мүмкин[28]. Мүлкий ҳуқықлар гиреўине товар складында аманат сақлаў қатнасықларында қолланылатуғын еки бөлимли склад гүўалығының бир бөлеги болған гиреў шәртнамасын киритиў мүмкин. Гиреў гүўалығында төмендегилер көрсетиледи:

-товарды сақлаў ушын қабыл еткен товар складының аты ҳәм жайласқан мәнзили;

-склад гүўалығының склад реестри бойынша ҳәрекеттеги номери;

-товар сақлаў ушын қабыл етип алынған шөлкем аты яки пукараның аты, сондай-ақ, товар ийесиниң жайласқан жери (жасаў орны);

-сақлаў ушын қабыл етилген атамасы ҳәм муғдары – бирликлер саны ҳәм (яки) товар даналарының саны ҳәм (яки) товардың өлшеми (аўырлығы, көлеми);

-егер, мүддет белгиленген болса, товар қанша мүддетке сақлаў ушын қабыл етиленлиги яки товар талап етип алынғанға шекем сақлаў ушын қабыл етилгенлиги;

-аманат сақлағанлық ушын төленетуғын ҳақы муғдары яки бул ҳақыны есаплап шығарыўға тийкар болатуғын тарифлер ҳәм сақлаў ҳақысын төлеў тәртиби;

-склад гүўалығы берилген сәне.

Еки бөлимли склад гүўалығының еки бөлиминде де ўәкил шахстың бир қыйлы имзасы ҳәм товар складының мөри болыўы шәрт (Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 909-статьясы 2-3-бөлимлери).

Гиреў предмети сыпатында мүлкий ҳуқықлар бүгинги күнде кең қолланылмай атырылғанлығы себеплеринен бири сыпатында дүнья финанслық экономикалық крезисти келтирип өтиўимиз мүмкин. Бунда қымбат баҳалы қағазлар менен жүз берип атырған ҳәр түрли финанслық “ойынлар”дың, “рейдерлик”тиң күшейип кетиўи себепли қымбат баҳалы қағазлар ҳәм мүлкий ҳуқықларға қарата исенимсизликтиң артып барыўы да мүлкий ҳуқықлар айланысы ҳәм гиреўине қарата талаптың пәсейиўине алып келмекте. Бунда мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримов атап өткениндей: “ҳәзирги ўақытта бул крезис тийкарынан өз корпоратив мәплерин гөзлеп ис жүритип келген кредит ҳәм қымбат баҳалы қағазлар базарларында түрлише спекулятив әмелиятларға берилип кеткен банклар искерлиги үстинен жетерли дәрежеде қадағалаў жоқ екенлиги[29] де өз тәсирин өткермекте”

Усы мүнәсибет пенен мүлкий ҳуқықлар гиреўинен нәтийжели пайдаланыў ҳәм усы арқалы мәмлекеттеги экономикалық раўажланыўдың әҳмийетли бағдары болған қымбат баҳалы қағазлар базары раўажланыўын тәмийинлеў мақсетинде, нызамшылықта мүлкий

---

[28] Рустамбекова М. Специфика залога ценных бумаг: “Фуқаролик қонунчилигининг ривожланиши ва долзарб муаммолари” мавзусидаги халқаро илмий-амалий конференция материаллари тўплами. –Тошкент: ТДЮИ, 2005. – С. 519-524.

[29] Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш – бизнинг олий мақсадимиз. / “Қишлоқ ҳаёти”, 2008 йил 6 декабрь.

ҳуқықлардың гиреў предмети сыпатындағы ҳалатын анық сыпатлайтуғын критерийлерди белгилеў керек болады. Пикиримизше, бундай критерийлер сыпатында төмендегилер атап өтилиўи лазым болады:

-мүлкий ҳуқықтың бар екенлиги ҳәм оның әмелий өзгешеликке ийе екенлигин тастыйықлаўшы ҳүжжетлердиң бар екенлиги;

-мүлкий ҳуқықты ҳәм оның баҳасын белгилеп бериўши ҳүжжетлердиң гиреў менен тәмийинленип атырған миннетлемениң баҳасына теңлиги яки оннан көплиги;

-мүлкий ҳуқық тийкарында жүзеге келетуғын талап етиў мүддетиниң гиреў менен тәмийинленген миннетлемени орынлаў мүддетине сәйкес келиўи;

-мүлкий ҳуқық гиреўин баҳалаў ҳәм олардың амелде тәмийинленгенлиги Өзбекстан Республикасының "Баҳалаў искерлиги ҳаққында"ғы Нызамы[30]нан келип шығып, тийисли экспертлер тәрепинен анықланыўы.

Усы жағдайлардың нызамшылыққа киритилиўи ҳәм олар тийкарында мүлкий ҳуқықлар гиреўиниң әмелге асырылыўы гиреў менен тәмийинленген миннетлемелердиң орынланыўында турақлылыққа ерисиў, кредитор талапларының қанаатландырылыўында ҳәр түрли машқалалы ҳалатларды сапластырыў, материаллық емес активлердиң актив айланысын тәмийинлеў ҳәмде бул тараўдағы ҳуқықбузарлықлардың алдын алыўда зәрүр әҳмийетке ийе болар еди.

[30] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1999 йил, № 9, 208-модда

## 2.3. Мүлкий ҳуқықлар сыпатында абсалют ҳуқықлар хәм оларды қолланыў мәселелери

Хожалық ҳуқықында абсалют ҳуқықлар дегенде бундай ҳуқықлар ийелерин хәр түрли ҳәрекетлерди ислеў (дөретиўшилик искерлик өниминен пайдаланыў, оны бийлик етиў хәм т.б.)ге ҳақылы екенлигин, ўәкилликлилигин, соның менен бир ўақытта өзинде басқа ҳәр қандай шахсларға бундай жоқарыда көрсетилген ис-ҳәрекетлерди ислеўдиң қадаған етилиўин тәмийинлеўши субъектий абсалют ҳуқық түсиниледи[31].

Мүлкий ҳуқықлардың айланыста болыўында абсалют ҳуқықлар өзине тән орынға ийе саналады. Әдеттеги затлар ҳәм қымбат баҳалы қағазларға қарағанда мүлкий ҳуқықлар ҳәм затлық-мүлкий ҳуқықлардан парықлы түрде абсалют ҳуқықлардың айланыста болыўы тийисли тәртипте рәсмийлестириў ҳәм ҳуқық айланысындағы екилемши түске ийе болады. Егер, көплеген интеллектуал мүлк объектлерине қарата мүлкий ҳуқықлар ўәкилликли мәмлекетлик органларда мәмлекетлик дизимнен өткерилсе, қарыздың талап етиў ҳуқықының бир шахстан екинши бир шахсқа өткерилиўи бундай рәсмиятшылықты талап етпейди.

Мәселен, “Селекция жетискенликлери ҳаққында”ғы Нызамның 38-статьясы үшинши бөлимине көре, селекция жетискенлигинен басқа шахс пайдасына ўаз кешиў ҳаққындағы, сондай-ақ, лицензия шәртнамасы Патент мекемесинде дизимнен өткерилиўи керек.

Абсалют ҳуқықлар айланысының екилемши түси сонда көринеди, ҳәттеки абсалют ҳуқық ийесине тийисли мүлкий ҳуқықлар белгили бир мүддетке басқа шахсқа өткерилсе де, бул шахс өзине тийисли абсалют ҳуқық қурамына кириўши мүлкий ҳуқықлардан пайдаланыўға ҳақылы болады ҳәм бундай пайдаланыў шегаралары тәреплер ортасындағы шәртнамада белгиленеди. Егер, мүлкий талап етип, пукаралық айланысқа киритилиўи менен бир шахстан екинши бир шахсқа толық өткерилсе, интеллектуал мүлк ҳуқықы объектлерине қарата бундай ҳалат көзге тасланбайда. Мәселен, әпиўайы абсалют лицензияда интеллектуал мүлк объектинен абсалют ҳуқық ийесиниң өзи (яғный лицензиар), лицензиат ҳәм соның менен бир ўақытта абсалют ҳуқық ийесинен руқсат алған басқа үшинши шахслар да пайдаланыў ҳукықына ийе болады.

Сонлықтан, бундай жағдайда лицензиат лицензия тийкарында пайдаланыўға руқсат[32] алған объектте абсалют ҳуқық ийесиниң пайдаланыўына, сондай-ақ, лицензиат алынған лицензия тийкарында алдыннан бар яки кейиншелик пайда болыўшы басқа

---

[31] Гражданское право. –М.: БЕК. 1994. Т.1. 314-б.
[32] Фуқаролик ҳуқуқи. Иккинчи қисм. –Тошкент: Илм-зиё, 2008. – 668-669-б.

лицензиатлардың объекттен пайдаланыў ҳуқықларына қарсылық билдириўге ҳақылы емес. Бунда лицензаиқа объекттен басқалар қатары пайдаланыў ҳуқықы ғана өтеди.

Абсалют ҳуқыклардың ҳуқықый механизми әдеттегидей ийелеп турыўы мүмкин болмаған, бир ўақыттың өзинде белгисиз шеңбердеги шахслар пайдалана алыўы мүмкин болған объектлерге қарата ҳуқық ийеси мүлкий ҳуқыкларының әмелге асырылыўын тәмийинлеўши әҳмийетли қурал болып есапланады, бирақ, мулк ҳуқықы ҳәм абсалют хуқыклар ҳеш қандай бирине мазмунлық жақтан жақын болған түсиниклер емес, олардың бир-биринен айырмашылықлары айтарлықтай көп саналады.

Абсалют ҳуқықтың бир көриниси сыпатында интеллектуал искерлик нәтийжесине яки жеке белгилерди өзинде сәўлелендириўши қуралға болған мулкий хуқықлар өз ийесине мине усы интеллектуал мүлк объектинен өз қәлеўине көре ҳәр кандай формада, ҳәр қандай усылда абсалют нызамлы пайдаланыў ҳукықы сыпатында тийисли болады.

Усы абсалют хуқықлар өз характери ҳам мазмунына көре мүлкий ҳуқық есапланады. Интеллектуал мүлк объектинен оз қәлеўине көре пайдаланыў делингенде хуқық ийесинин өз ерки, кәлеўи менен, ҳеш қандай мәжбүрлеўсиз, тәсирлерсиз пайдаланыў түсиниледи.

Объектлерден хәр қандай формада ҳәм ҳәр қандай усылда пайдаланыў делингенде оннан түрли объектив формада – қол жазба, баспа шығарма, аппарат, қурылма, этикетка, ҳәр қыйлы ярлыклар, макет, қурылыслар, ҳәйкеллер ҳәм усы сыяқлыларда жане түрли қураллар жәрдеминде кол жазба формада тарқатыў, баспадан шығарыў, аўызеки оқыў, реклама проспектлерине жайластырыў, курылысларда комплекс пайдаланыў ҳам тағы басқа да усылларда эксплуатация етиў, пайдаланыў түсиниледи.

Объекттен пайдаланыў формалары ҳәм усыллары нызам жол қойған тийкарларға толық муўапық болыяы шәрт. Буның ушын абсалют ҳуқық ийеси белгиленген талапларға бойсыныўы шәрт. Мәселен, жаңадан ойлап табыў тийкарында автомобиль жасаған ойлап табыўшы булл автомобильди тийисли мәмлекетлик мекемелерде (мәселен, мамлекетлик автомобиль инспекциясында) дизимнен өткизген болыўы шәрт.

Спиртли ишимликлер, темеки өнимлерине болған товар белгилери балалар мекемелеринде реклама проспектлери арқалы жайластырылыўы мумкин емес. Жаңа дәри-дәрмақлар жаратқан шыпакер оннан пайдаланыўды нызамда белгиленген талапларға әмел етиўи шәрт. Керисинше жағдайда, интеллектуал мүлк объектинен пайдаланыя нызамлы пайдаланыў есапланбайды.

Ҳуқық ийесине абсалют ҳуқык тийкарында тийисли болған интеллектуал мүлк объектлеринен басқа шахслардың пайдаланыўына тек ҳуқық ийесиниң разылығы менен ғана жол қойылады.

Егер де, абсалют ҳуқык бир неше шахсқа тийисли болса (мәселен, авторларға) үшинши шахслар абсалют объекттен пайдаланыў ушын барлық ҳуқык ийелеринен руқсат алыўы шәрт.

Үшинши шахслардың абсалют ҳуқық ийесинен алынатуғын объекттен пайдаланыўға разылығы ашық-айқын көринип турған болыўы, тийисли ҳуқықый формада рәсмийлестирилген болыўы шәрт. Индемеслик, тыныш турыў разылық белгиси есапланбайды.

Көп ғана интеллектуал мүлк объектлеринен бир ўақыттың өзинде шексиз шеңберде үшинши шахслардың пайдаланыўы имканияты бар болады, бирақ, үшинши шахслар бундай имканияттан ҳәр дайым тек абсалют ҳуқық ийеси разылығы тийкарында ғана пайдаланыўдары шәрт.

Интеллектуал мүлк объектинен абсалют ҳуқық ийесиниң разылығын алмастан пайдаланған үшинши шахслар тийис тәртипте жуўапкер болады. Ҳуқық ийеси өз хуқықларын суд тәртибинде қорғаўға, үшинши шахслардан ҳуқықбузарлық ис-хәрекетлерин тоқтатыўға, келтирилген барлық зыян, соның ишинде, мораллық зыянның қапланыўын үшинши шахслар ҳуқықбузарлық нәтийжесинде алған барлық дәрамат ҳам пайдаларды өзине өндирип берилиўин талап етиўге ҳақылы.

Интеллектуал мүлк объектине болған абсалют ҳуқық ийеси булл ҳуқықты басқа шахсқа толық яки қысман өткериўге, интеллектуал мулк объектинен басқа шахс пайдаланыўына руқсат бериўге ҳақылы ҳәм егер, пуқара Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодекси ҳәм басқа нызамлардың қағыйдаларына қайшы болмаса, оларды басқаша тәризде бийлик етиўге ҳақылы.

Улыўмалық қағыйдаға көре, интеллеутал мүлк объектине болған абсалют ҳуқық мүлкий ҳуқық сыпатында экономикалық айланыста актив хәрекетте болады. Ол түрли питимлер ҳәм шәртнамалар предмети болыўы мүмкин. Сонлықтан, интеллектуал мүлк объектине болған абсалют ҳуқық ийеси бул ҳуқықты ҳақы есесине яки бийпул ҳалында басқа шахсларға толық яки қысман өткериўге (сатыў, саўға етиў, белгили бир шекленген кағыйдада пайдаланыяға руқсат бериўге ҳәм тағы басқа) ҳақылы. Абсалют ҳуқық толық өткерилгенде ҳуқық ийеси абсалют ҳуқықты толық көлемде үшинши бир шахсқа өткереди, демек, бул хуқықты өзинен толық жырақластырады, нәтийжеде үшинши шахс абсалют ҳуқық ийеси есапланады.

Абсалют ҳуқық қысман өткерилгенде ҳуқық ийеси өз ҳуқықының белгили бир бөлегин өзинде сақлап қалған ҳалда, калған бөлегин үшинши бир шахсларға өткереди.

Абсалют ҳуқыкларды басқа шахсларға толық яки қысман өткериўди ҳуқықый жақтан рәсмийлестирия шәртлери ҳәм тәртиби Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 1035-статьясында белгилеп қойылған.

Интеллектуал мүлк объектинен басқа шахслардың пайдаланыўына руқсат бериў булл объектке болған абсалют хуқық ийесиниң ўәкиллигине киреди. Объектттен пайдаланыўға руқсат бериўде абсалют хуқық усы ҳуқық ийесиниң өзинде қалады, оннан жырақластырылмайды, бунда үшинши бир шахсларда объекттен пайдаланыў ҳуқықы ғана жүзеге келеди. Пайдаланыў шәртлери, тәртиби абсалют хуқық ийеси ҳәм пайдаланыўшы ортасындағы келисим тийкарында белгиленеди.

Интеллектуал мүлк объектине болған абсалют ҳуқықлар ийеси өз ҳуқықын Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодекси хәм ҳәрекеттеги нызамларға қайшы болмаған ҳәр кандай тәризде бийлик етиўге ҳақылы. Мәселен, абсалют ҳуқықлар ийеси булл хуқықларды өз миннетлемеси яки үшинши бир шахслар миннетлемелериниң орынланыўын тәмийинлеў усылы сыпатында гиреўге қойыўы мүмкин.

Интеллектуал мүлк объектине болған абсалют ҳуқық ийеси өз ҳуқықын нызамда қадаған етилген тәризде бийлик етиўге ҳақылы емес. Ҳуқықты бийлик етиўдиң нызам қадаған еткен усылы Өзбекстан Республикасының Пуқаралық кодексинде яки ҳарекеттеги нызамларда тиккелей нәзерде тутылады. Мәселен, конституциялық дүзимге қарсы, урыс, миллетлер аралық қарама-қарсылық, уятсызлықты үгитлеўши шығармаларды тарқатыў (ҳақы есесине яки бийпул) нызамға тийкарланып қадаған етиледи.

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 1101-статьясына тийкар юридикалық шахс қайта дүзилмеген яки басқа шахсқа өткерилмеген жағдайлардан тысқары юридикалық шахстың фирма атына болған абсалют хуқықы басқаларына өткерилиўине руқсат етилмейди. Абсалют ҳуқықларды шеклеўге, соның ишинде, интеллектуал мулк объектинен басқа шахслардың пайдаланыўына имканият бериў жолы менен шеклеўге, булл ҳуқықлардың ҳақыйқый емес деп табылыўына, оларды сапластырыўға (бийкар етиўге) Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексинде хәм басқа нызамларда белгиленген жағдайларда, шеңберлерде ҳәм тәртипте жол қойылады. Төмендеги интеллектуал мүлк объектлерине болған ҳуқық ийесиниң абсалют ҳуқықларын шеклеў жағдайлары, тәртиби нызамларда нәзерде тутылған:

-ойлап табыў, пайдалы модель, санаат үлгисине болған мүлкий хуқық;

-селекция жетискенликлерине болған мүлкий ҳуқық;

-ЭЕМ ушын бағдарламалар хам мағлыўматлар базаларына болған мүлкий ҳуқықлар;

-авторлық ҳуқық объектлерине болған мүлкий ҳуқықлар.

Абсалют хуқықлар интеллектуал мулк объектинен басқа шахслардың пайдаланыўына имканият бериў арқалы нызамларда нәзерде тутылған жағдайларда шеклениўи мүмкин. Бундай жағдайлар төмендеги объектлерге қарата ҳәрекетте болады:

-санаат мүлки объектлеринен "Ойлап табыўлар, пайдалы моделлер хәм санаат үлгилери ҳаққында"ғы Нызамның 2-статьясында белгиленген жағдайларда ҳәм тәртипте үшинши бир шахслар пайдаланыўы ушын мәжбурий лицензия тәртибинде;

-санаат мүлки объектлеринен алдынна пайдаланып келиўши шахсларға;

-әшкара етилмеген мағлыўматлардан пайдаланыў;

-авторлық ҳуқықы объектлеринен;

-фирма аты, товар (хызмет көрсетиў) белгисине болған абсалют хуқықларды шеклеў нызамларда нәзерде тутылмаған.

Интеллектуал мүлк объектлерине болған абсалют хуқықларды ҳақыйқый емес деп табыў тийкарлары да әмелдеги нызамларда анық белгилеп койылған.

Санаат мүлки объектлерине болған берилген хуқықый қорғаў бетлери ҳуқықый қорғаў талапларына жууап бермейтуғын объектлерге қарата яки ҳуқыый қорғаў бетин алыўға ҳақылы болмаған шахстың атына берилген жағдайларда;

-селекция жетискенликлерине болған абсалют ҳуқық "Селекция жетискенликлери ҳаққында"ғы Нызам[33]да көрсетилген жағдайларда;

-товар (хызмет көрсетиў) белгисине болған "Товар белгилери, хызмет көрсетия белгилери ҳәм товар келип шыққан орын атлары хаққында"ғы Нызам[34]да белгиленген жағдайларда ҳәм тәртипте.

Басқалардың шығармаларын өзлестириў арқалы усы шығармаларға болған абсалют ҳуқыққа ийе болған шахслардың бундай өзлестирилиўи нәтийжесинде алған ҳуқықы да ҳақыйқый есапланбайды.

Интеллектуал мүлк объектлерине болған абсалют хуқықларды ҳақыйқый емес деп табыў бундай ҳуқықлардың жүзеге келиўи ушын тийкар болған ҳуқықый корғаў бетин берген ўәкилликли мәмлекетлик орган, Апелляция кеңеслери яки суд тәрепинен (авторлық хуқықы объектлерине болған ҳуқық) әмелге асырылады. Бунда абсалют ҳуқық алды менен (қарар шығарылған ўақыттан емес) ҳақыйқый емес деп табылып, шахстың

[33] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1996 йил, № 9, 133-модда
[34] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2001 й., 9-10-сон, 178-модда

бундай ҳуқықтан пайдаланыў нәтийжесинде алған барлық дәраматлары абсалют ҳуқықтың ҳақыйқый ийеси пайдасына өндирилиўи мүмкин.

Айырым интеллектуал мүлк объектлерине болған абсалют ҳуқықлар басқа тийкарларда мүддетинен алдын бийкар болыўы да мүмкин. Мәселен:

-селекция жетискенликлерине қарата (“Селекция жетискенликлери ҳаққында”ғы Нызам);

-ойлап табыў, пайдалы модель, санаат үлгисине қарата (“Ойлап табыялар, пайдалы моделлер ҳәм санаат үлгилери ҳаққында”ғы Нызам[35]);

-товар белгилерине қарата (“Товар белгилери, хызмет көрсетиў белгилери ҳәм товар келип шыққан орын атлары ҳаққында”ғы Нызамы);

-авторлық хуқықлары объектлерине болган абсалют ҳуқык ийеси булл ҳуқықтан ықтыярый ўаз кешкен жағдайларда;

-әшкара етилмеген мағлыўматлар олардың ҳуқықый қорғалыўы шәртлеринен (Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 98-статьясы) бири болмай қалған жағдайларда оған қарата абсалют хуқықлар да бийкар болады. Абсалют ҳуқықты ҳақыйқый емес деп табыўда абсалют ҳуқық алдыннан бар емес деп есапланады. Абсалют ҳуқық мүддетинен алдын бийкар болғанда болса ол бийкар етилгенге шекем бар екенлиги тән алынады ҳәм тек кейинги дәўир ушын ҳуқықый ақыбетлерди жүзеге келтирмейди.

Абсалют ҳуқықларды шеклеўге бундай шеклеў интеллектуал мулк объектинен нормал пайдаланыўға зыян жеткермеген ҳәм ҳуқық ийелериниң нызамлы мәплерин кемситпеген жағдайларда жол қойылады. Нызамларда интеллектуал мүлк объектлерине болған абсалют ҳуқықларды шеклеў, ең алды менен социаллық ҳәм мәмлекетлик мәплерди нәзерде тутып белгиленген.

Лекин, бул шеклеўлер нызамда қатаң белгиленген жағдайларда, шәртлерде ҳәм тәртипте әмелге асырылады. Бундай шеклеўлер нәтийжесинде үшинши шахслар интеллектуал мулк объектинен ўақтынша, кысман ҳәм белгили бир мақсетлерде ғана пайдаланыўға ҳақылы болады (айырым жағдайларда тек ҳақы есесине). Бундай шеклеўлер тийкарында үшинши бир шахсларда абсалют ҳуқық улыўма жүзеге келмейди.

Интеллектуал мүлк объектинен нормал пайдаланыўда зыян жеткериў, ең алды менен абсалют хуқық ийесиниң булл объекттен пайдаланыў имканиятлары шеклениўинде, ҳәр түрли тосқынлықларда өз көринисине ийе болады. Интеллектуал мүлк объектине болған абсалют ҳуқықлар ийесиниң нызамлы маплери кемситилиўи оның объектинен келип атырған яки алатуғын дәраматларының кемейиўинде, жеке ҳуқыкларының

[35] «Халқ сўзи» газетасининг 2002 йил 1 октябрдаги 211 (3039)-сони

бузылыўында өз көринисине ийе болады. Егер, абсалют ҳуқыкты шеклеўлер жокарыдағы ақыбетлерге алып келсе, ҳуқық ийеси өз ҳуқықының суд арқалы корғалыўын талап етиўге ҳақылы[36].

Интеллектуал мүлк объектине болған абсалют ҳуқықлар ийесине тийисли мүлкий ҳуқыклар, егер, Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексинде яки басқа нызамда басқаша тәртип нәзерде тутылмаған болса, ҳуқық ийеси тәрепинен шәртнама бойынша басқа шахсқа толық яки қысман өткерилиўи мүмкин, сондай-ақ, булл абсалют ҳуқықлар мийрас болып ҳәм юридикалық шахс болған ҳуқық ийеси қайта дүзилгенде ҳуқықый мийраслық тәртибинде өтеди.

Усы белгиленген қағыйдаға интеллектуал мүлк объектине болған абсалют ҳуқықлар ийесине тийисли мүлкий ҳуқықлар ҳуқық ийеси тәрепинен шәртнама бойынша басқа шахсқа толық яки қысман өткерилиўи мумкин. Бунда нәзерде тутылған ҳуқыклар тек мүлкий характерге ийе болады, жеке ҳуқыкларға қарата усы қағыйда тийисли емес. Өткерилип атырылған мүлкий ҳуқықлар абсалют ҳуқықлардан келип шығыўы хәм тек ҳуқық ийесине тийисли болыўы шәрт.

Мүлкий ҳуқықлар дегенде интеллектуал мүлк объектинен жеке пайдаланыў яки оны ҳақы есесине пайдаланыўға руқсат бериў бойынша ҳуқык ийесине тийисли ўәкилликлер түсиниледи[37].

Мүлкий ҳуқык толық өткерилгенде ҳуқық ийеси бул ҳуқыклардан айырылады ҳәм бундай ҳуқық үшинши шахсларда жүзеге келеди. Мүлкий ҳуқық қысман өткерилгенде ҳуқык ийеси оның белгили бир бөлегин өзинде сақлап қалып, қалған бөлегин өткереди. Мүлкий ҳуқыклар тек шәртнама тийкарында өткериледи.

Шәртнама мүлкий ҳуқык ийеси ҳәм ҳуқық толық яки қысман өткерилип атырылған шахс ортасында дүзиледи. Бундай шәртнамаларға қарата егерде нызамларда басқаша тәртип нәзерде тутылған болмаса, Өзбекстан Республикасы Пукаралық кодексиниң 26-бабы (шәртнама түсиниги ҳәм шәртлери), 28-бабы (шәртнама шәртлерин өзгерттириў ҳәм шәртнаманың бийкар болыўы)нда белгиленген қағыйдалар қолланылады.

Шәртнама дүзиўши тәреплер – интеллеутал мүлк объектине қарата абсалют ҳуқық ийеси ҳәм абсалют ҳуқықтан жүзеге келиўши мүлкий ҳуқыклар өзине өткерилип атырылған шахс атлары, егер, абсалют ҳуқық ўәкилликли мәмлекетлик орган тарепинен интеллектуал мүлк объектине қарата берилген ҳукыкый қорғаў бети тийкарында жүзеге келген болса, усы бет ҳәм дизимге алыў дизими номери, оның әмел қылыў мүддети,

---

[36] Оқюлов О. Интеллектуал мулк ҳуқуқий мақомининг назарий ва амалий муаммолари.-Тошкент: ТДЮИ, 2004.-34-б.
[37] Оқюлов О. Интеллектуал мулк ҳуқуқий мақомининг назарий ва амалий муаммолари.-Тошкент: ТДЮИ, 2004.-78-б.

өткерилип атырылған мүлкий ҳуқық мазмуны ҳәм көлеми, оннан пайдаланыў шәртлери, мүдд ети, егер, шәртнама ҳақы есесине дүзилип атырылған болса, төленетуғын ҳақы муғдары ҳәм оны толеў тәртиби, мүлкий ҳуқық қысман өткерилгенде оннан пайдаланыў үстинен ҳуқық ийесиниң қадағалаўы бойынша ўәкилликлери, тәреплердиң басқа ҳуқық ҳәм миннетлемелери, шәртнама шәртлерин бузғанлық ушын тәреплердиң жуўапкершилиги ҳам тағы басқалар көрсетилиўи тийис.

Шәртнама тәреплер тәрепинен имзаланып, тийисли тәризде рәсмийлестирилиўи шәрт. Шәртнама формасы түрли интеллектуал мүлк объектлери ушын түрлише болыўы нызамларда белгилеп қойылған[38]. Авторлық хукықы объектлерине болған мүлкий ҳуқықлар өткерилгенде шәртнама жазба формада дүзилип, нотариал тәртипте тастыйықланыўы шәрт. Абсалют ҳуқық интеллектуал мүлк объектлерине қарата берилген ҳуқықый қоргаў бети (патент, гүўалық) тийкарында жүзеге келген болса, бунда мүлкий ҳуқықты өткериў ҳаққындағы шәртнама жазба формада дүзилип, нотариал тәризде тастыйықланып, ўәкилликли мәмлекетлик мекемениң дизиминен өткерилиўи шәрт. Усы қағыйда ноу-хауға қарата да әмел қылады. Керисинше жағдайда болса, шәртнама ҳақыйқый саналмайды.

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодекси ҳәм ҳәрекеттеги нызамларда айырым интеллектуал мүлк объектлерине қарата абсалют ҳуқықлардан келип шығыўшы мүлкий ҳуқықлардың ҳуқык ийеси тәрепинен басқа шахсларға өткериў мәселесинде жокарыдағы кағыйдалардан шетке шығыўлар да бар екенлигин атап өтиўимиз тийис. Мәселен, Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 110-статьясы екинши бөлимине тийкар товар шығарылған орын атынан пайдаланыў ҳуқықы ҳуқық ийеси тәрепинен басқа шахсқа откерияге жол койылмайды ҳам егерде усындай шартнама дүзилген болса, ол хақыйқый саналмайды.

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 1101-статьясында фирма атына болған ҳуқықты басқа шахсқа откериў тәртиби ҳәм шәртлери белгиленген болып, ол жоқарыдағы улыўма қағыйдалардан парықланады. Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 1105-статьясы екинши бөлимине муўапық, товар белгисине болған ҳуқықты, егерде ол товар яки оның таярлаўшысы хаққында шалғыўға себеп болыўы мүмкин болса, басқа шахсқа берилиўине жол қойылмайды.

Интеллектуал мүлк объектине қарата абсалют ҳуқықлар ҳукк ийеси қайтыс болғанынан кейин мийрас тәртибинде мийрасхорларға яки басқа шахсларға өтеди. Бунда

[38] Брагинский М.И., Витрянский В.В. Договорное право. -М.: Статут, 2003. –С. 200

жүзеге келетуғын қатнасықларға карата Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң мийраслық ҳаққындағы белгиленген нормалары қолланылады.

Интеллектуал мулк объектлерине болған абсалют ҳуқықлар ийеси юридикалық шахс болса, бундай юридикалық шахс қайта дүзилген жағдайларда (оны басқа бир юридикалық шахс пенен қосып жибериў, қосып алыў, бөлиў, ажыратып шығыраў, өзгерттириў - Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 49-статьясы) абсалют ҳуқық мийраслық тәртибинде жаңаан дүзилген юридикалық шахсқа отеди. Қайта дүзиўдиң бөлиў, ажыратып шығарыў, өзгерттириў жағдайларында жаңадан дүзилген юридикалық шахслардың кайсы бирине абсалют ҳуқық өтиўи олардың өз-ара келисими тийкарында, бундай келисимге келинбеген жағдайда суд тәрепинен белгиленеди[39].

Мийрас тәртибинде ҳам ҳуқықый мийрасхорлық тәртибинде абсалют ҳуқықлардың өтиўи тәртиби нотариус тарепинен берилген мийрас гүўалығы, ҳукықый қорғаў бети бар болса, усы бетти абсалют ҳуқықтың жаңа ийеси атына расмийлестириў ҳаққында ўәкилликли мамлекетлик мекемениң тийисли ҳүжжети алыныўы ҳәм ол мәмлекетлик дизимнен өткерилиўи шәрт.

Мүлкий ҳуқықлардың шәртнама бойынша өткерилиўи ямаса олардың универсал ҳуқықый мийраслық тәртибинде өтиўи авторлық ҳуқықлардың ҳәм басқа жырақластырылмайтуғын ҳәмде өзгеге өткерилмейтуғын абсалют ҳуқықлардын өткерилиўине яки шеклениўине себеп болмайды. Бундай ҳуқықлардың өткерилиўи яки шеклениўи ҳаққындағы шәртнама шәртлери ҳақыйқый емес деп табылады.

Усы қағыйда дөретиўшилик искерлик нәтийжесиниң жаратыўшысы болған автордың булл нәтийжелерге болған абсалют ҳуқықларға ийе болған ҳалатына тийисли болып есапланады. Бундай жағдайда егерде автор абсалют ҳуқықтан келип шығыўшы мулкий ҳуқықларды шәртнама тийкарында басқа, үшинши бир шахсларға өткерсе яки автордың қайтыс болыўы себепли бундай мүлкий ҳуқыклар универсал мийрасхорлық тәртибинде ҳукыклар (онын өзинен жырақластырылмайтуғын ҳәм басқа биреўге өткерилмейтуғын) ҳеш қашан бийкар болмайды, шекленбейди яки олардың да шартнама тийкарында үшинши бир шахсларға яки мийрасхорларға өтиўине алып келмейди.

Ҳәттеки, ҳуқық ийеси автордың өзи болмай, басқа шахс болған жағдайда да, абсалют хуқықлардан келип шығыўшы басқа мулкий ҳуқыклар булл ҳуқыклар ийеси тарепинен шартнама тийкарында үшинши шахсқа яки универсал мийрасхорлық тәртибинде мийрасхорларға өткен жағдайда да бул ҳалат автордың ҳуқықын ҳәмде

[39] Миронова М. Реорганизация и ликвидация юридических лиц: правовые аспекты.-М.:Гарант-Сибирь, 1999. -355 с.

басқаға өткерилмейтуғын ҳәм жырақластырылмайтуғын ҳуқықлардың өтиўине, бийкар болыўына яки шеклениўине алып келмейди.

Дөретиўшилик искерлик нәтийжеси болған автордың тек өзине ғана тийисли болған, басқа биреўге өткерилмейтуғын яки жырақластырылмайтуғын абсалют ҳуқықлары шеңбери, түрлери ҳәм мазмуны Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 1033-статьясында белгиленип қойылған.

Бундай ҳуқықлардың өткерилиўи яки шеклениўи ҳаққындағы шәртлер нәзерде тутылған шәртнама автордың өзи менен үшинши бир шахс ортасында дүзилгенлигинен кәттийнәзер шәртнаманың сол шәртлери нәзерде тутылған бөлеги ҳақыйқый саналмайды ҳам ҳеш қандай ҳуқықый ақыбет жүзеге келтирмейди. Бундай шәртнама өз-өзинше ҳақыйқый саналмайды хам оған карата Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 113-статьясы үшинши бөлими кағыйдалары қолланылады.

Шәртнаманың жоқарыдағы шәртлерин ҳақыйқый емес деп табыў ҳаққында суд тәрепинен қарар шығарылыўы талап етилмейди.

Интеллектуал мулк объектлерине болған авторлық ҳуқықлары булл объектке қарата мулкий ҳуқықлар экономикалық айланыста қанша шахсларға өткериў арқалы ҳәрекетте болғанлығынан қәттийнәзер автордың өзинде сақланып калады.

Басқаша айтқанда, объектке қарата абсалют ҳукықлар бир неше мәртебе басқа бир үшинши шахсларға өткенлиги факты автордың өзине тийисли болған ҳәм оннан жырақластырылўы мүмкин болмаған хуқықлардың амел қылыўына қандай да бир дәрежеде тосқынлық етпейди.

Шәртнама бойынша өткерилетуғын абсалют ҳуқықлар онда анықланып қойылыўы шәрт. Шәртнамада басқа шахсқа өткерилетуғын ҳуқық сыпатында көрсетилмеген ҳуқықлар, егер басқаша жағдай дәлийлленбеген болса, өткерилмеген есапланады[40].

Белгили болғанындай, абсалют ҳуқық мүлкий ҳуқықлардың бир түри сыпатында ҳуқық ийеси интеллектуал мүлк объекти бойынша өзи ислеўге ҳақылы болған, басқаларға ислеўге руқсат бере алатуғын яки ислеўди қадаған етип қоя алатугын ҳәм оған ҳақылы болған ҳәр қыйлы ўәкилликлерди өз ишине алады.

Сол себепли де, абсалют ҳуқықлар шартнама тийкарында ҳуқық ийеси тәрепинен басқа шахсқа откерилгенде тиккеллей қандай ҳуқық (мәселен, белгили бир аймақ шеңберинде жеке жалғыз пайдаланыў, басқа пайдаланыўшылар да бар болған тийкарда пайдаланыў, басқа аймақ шеңберинде булл ҳуқықты әмелге асырыўға тийислилиги яки

---

[40] Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик ҳуқуқи (II-қисм) / Ҳ. Раҳмонкулов ва И. Зокировларнинг умумуй таҳрири остида.-Тошкент: Адолат, 1999. 29-б.

тийисли емеслиги) өткерилип атырылғанлығы хәм булл ҳуқықтан келип шығыўшы ўәкилликлерди анық белгилеп, шәртнамада анық көрсетиў лазым.

Шәртнамада нәзерде тутылмаған барлық ҳуқықлар (абсалют ҳуқыққа тийисли) ҳәтте буның кериси дәлийлленбегенше шәртнама бойынша өткерилмеген деп есапланады, деген презумпция әмел қылады. Буның маниси соннан ибарат, егер, шартнама тийкарында абсалют ҳуқықлардан бир бөлегин өзине алған шахс булл ҳуқықларға тийисли қосымша басқа ҳуқықлардан абсалют хуқық ийесиниң разылығы яки руқсаты тийкарында әмелге асырылғанлығын тийисли дәлийл менен дәлийллеп бериўи шәрт. Керисинше жағдайда, ол қосымша ҳукықларды өзлестирип алган есапланады. Қосымша ҳуқыклар абсалют ҳуқықлар ийеси разылығы яки руқсаты тийкарында алғанлығын дәлийллеў миннетлемеси үшинши шахслар мойнында болады[41].

Мәселен, ойлап табыўға қарата абсалют ҳуқыклар ийеси жеңил машиналар ислеп шығарыўшы кәрханаға белгили бир маркадағы жеңил машинаны ислеп шығарыўда пайдаланыў ушын шәртнама тийкарында ойлап табыўдан пайдаланыў ҳукықын өткерген болса, кәрхана басқа маркадағы жеңил автомобиллерге қарата усы ойлап табыўды қоллана алмайды (егер, бул ҳаққында абсалют ҳуқықлар ийесиниң арнаўлы руқсатын алмаған болса).

Абсалют ҳуқықты онын әмел қылыяы дәўири бойынша шекленген муддетлерде пайдаланыў ушын басқа шахсқа бериўди нәзерде тутыўшы шәртнамаға қарата лицензия шәртнамасы ҳаққындағы қағыйдалар қолланылады[42]. Буның мәниси соннан ибарат, Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң 1035-статьясы биринши ҳәм үшинши бөлимлринде нәзерде тутылған кағыйдалар абсалют ҳуқықлар шәртнама тийкарында яки универсал мийраслық тәртибинде бундай абсалют ҳуқықлар әмел қылыўының барлық калған мүддети бойынша үшинши шахсқа отиўге нәзерде тутылған жағдайларға қарата тийисли болып есапланады.

Егер, абсалют ҳуқықлар ийеси булл хуқықларды басқа шахсларға ўақтынша өткерсе (белгилиги бир шегараланған муддет даўамында), ол жағдайда бундай шәртнама лицензия шәртнамасы есапланады.

[41] Оқюлов О. Интеллектуал мулк ҳуқуқий мақомининг назарий ва амалий муаммолари.-Тошкент: ТДЮИ, 2004. – 319-б.
[42] Долинская В.В. Акционерное право.-М.:1997. –С. 205.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Алып барылған питкериў кәнийгелик жумыс темасы бойынша излениўлер нәтийжеси сыпатында төмендегише жуўмақ, пикир ҳәм усыныс келтирип өтиледи:

1. Хожалық ҳуқықының өзине тән объекти саналған мүлкий ҳуқықлар түсинигине төмендегише анықлама бериў усыныс етилмекте яғный хожалық ҳуқықы объекти сыпатында ***мүлкий ҳуқықлар дегенде*** *мүлк ҳуқықы, затлық ҳуқық, миннетлеме ҳуқықы яки белгили бир субъекттиң ҳуқықый статусы менен өз-ара байланыста болған, экономикалық айланыста айрықша түрде ҳәрекетте бола алатуғын ямаса басқа тийкарғы ҳуқықта жүзеге келиўши сыпатында бар болатуғын, материаллық ҳәм материаллық емес баҳалықларға қарата ийелеў, пайдаланыў ҳәм талап етиў ўәкилликлеринен қуралған, ҳуқық ийесине мулкий материаллық мәплерди келтирип шығаратуғын субъектив ҳуқыққа айтылады.*

2. Хожалық ҳуқықы объекти сыпатында мүлкий ҳуқықлар өзине тән өзгешеликлерге ийе болып, олар төмендегилерде көринеди:

-бул ҳуқықлар ҳәр дайым өз ийесине белгили бир материаллық мәпдарлықты жүзеге келтиреди ҳәм тийкарынан мүлкий ҳуқықый қатнасықлар тийкарында келип шығады;

-“ийелик етиў, пайдаланыў ҳәм бийлик етиў” сыяқлы мүлкий ўәкилликлер ҳәмде олардың мазмунын қураўшы юридикалық ис-ҳәрекетлер жыйындысын өзинде сәўлелендиреди;

-көбинесе материаллық емес түрде пайда болады ҳәм өзинен материаллық тийкарынан тысқарысында да бар болады.

3. Мүлкий ҳуқықлар олардың жүзеге келиў тийкарлары ҳәм тийисли ҳуқықый институтларда сәўлелениўи жағдайына көре: затлық ҳуқықлар сыпатында жүзеге келиўши мүлкий ҳуқықлар; миннетлемелерге тийкарланған мүлкий ҳуқықлар; абсалют ҳуқықлар менен байланыслы болған мүлкий ҳуқықлар. түрлерге бөлинеди:

4. Бизиң пикиримизше, мүлкий ҳуқықлардың ҳәрекетте болыўы дегенде олардың бир шахстан екинши бир шахсқа еркин тәризде, нызам ҳүжжетлеринде белгиленген қураллар арқалы, белгиленген формада рәсмийлестириўлер жолы менен өтиўи түсиниледи. Сол тийкарда айтыў мүмкин, мүлкий ҳуқықлар көпшилик жағдайларда өзин жүзеге келтирген материаллық баҳалықлардан ғәрезсиз түрде ҳәрекетте болады ҳәмде материаллық емес баҳалықларға тийкарланған мүлкий ҳуқықлардың ҳәрекетте болыўы өз алдына нызамшылық пенен тәртипке салынады.

5. Мүлкий ҳуқықлар өз мазмунына көре ҳуқыққа болған ҳуқық сыпатында тәрийипленеди. Бул ҳуқық болса тийисли қымбат баҳалы қағазлар менен белгиленип, шахстың, соның ишинде хожалық ҳуқықы субъектиниң мүлкий ҳуқықлары да солар қатарына киреди. Усы тийкарда Өзбекстан Республикасының “Қымбат баҳалы қағазлар ҳаққында”ғы Нызамында “қымбат баҳалы қағазлар” түсинигине берилген сыпатламаны төмендегише редакцияда қайта баян етиў усыныс етиледи яғный: *қымбат баҳалы қағазлар – бул нызамда белгиленген форма ҳәм мәжбүрий реквизитлерге ийе болған ҳүжжетлер болып, олар мүлкий ҳуқықларды яки қарыз мүнәсибетлерин тастыйықлайды, дивидентлер яки процентлер тәризинде дәрамат төлеўди ҳәмде усы ҳүжжетлерден келип шығатуғын ҳуқықларды басқа шахсларға өткериў имканиятын нәзерде тутады”.*

6. Мүлкий ҳуқықларды гиреўге қойыўдан нәтийжели пайдаланыў ҳәм усы арқалы мәмлекеттеги экономикалық раўажланыўдың әҳмийетли бағдары болған қымбат баҳалы қағазлар базары  ҳәм оның раўажланыўын тәмийинлеў мақсетинде нызамшылықта мүлкий ҳуқықлардың гиреў предмети сыпатындағы жағдайыын анық тәрийиплейтуғын критерийлерди анық белгилеп алыў тийис. Пикиримизше, бундай критерийлер сыпатында төмендегилерди атап өтиўимиз мумкин:

-мүлкий ҳуқыклардың ҳәрекетте болыўы ҳам оның әмелий өзине тән өзгешеликке ийе екенлигин тастыйықлаўшы ҳүжжетлердиң бар екенлиги;

-мүлкий ҳуқықты ҳәм оның баҳасын аңлатыўшы ҳүжжетлердиң гиреў менен тәмийинленип атырған миннетлемениң баҳасына тең екенлиги яки оннан көплиги ҳәм мүлкий ҳуқық тийкарында жүзеге келетуғын талап етия мүддетиниң гиреў менен тәмийинленген миннетлемени орынлаў мүддетине сәйкес келиўи;

-мүлкий ҳуқык гиреўин баҳалаў ҳәм олардың әмелде тәмийинленгенлиги Өзбекстан Республикасының “Баҳалаў жумысы ҳаққында”ғы Нызамынан келип шығып, тийисли экспертлер тәрепинен анықланыўы.

Усы жағдайлардың нызамшылыққа киритилиўи ҳәм олар тийкарында мүлкий ҳуқықлар гиреўиниң әмлге асырылыўы гиреў менен тәмийинленген миннетлемелердиң орынланыўында турақлылыққа ерисиў, кредитор талапларының қанаатландырылыўында түрли машқалалы жағдайларды сапластырыў, материаллық емес активлердиң актив айланысын тәмийинлея ҳәмде булл тараўдағы ҳуқықбузарлықлардың алдын алыўда зәрүр әхмийетке ийе саналады.

7. Мүлкий ҳуқықлар хожалық ҳуқықы объектлери системасында да айрықша орын тутады. Бул биринши нәўбетте мулкий ҳуқықлардың хожалық ҳуқықый қатнасықларындағы басқа объектлер, затлар, қымбат баҳалы қағазлар, жумыслар ҳәм

хызметлерде өз көринисине йие болыўы менен белгиленсе, екиншиден, мүлкий ҳуқықлардың хожалық ҳуқықында айрықша объектлилигинен келип шығады. Биринши жағдайда, мүлкий ҳуқықлар хожалық ҳуқықында барлық мүлкий қатнасықлар шеңбериниң ҳәмме тәреплеринде көринеди ҳәм бир шахстың екинши шахсқа қаратылған мүлкий талаплары көринисинде болады. Екинши жағдайда болса, мүлкий ҳуқықлар ғәрезсиз объект сыпатында экономикалық айланыста ҳәрекет етип, бунда мулкий хуқық бир шахстың өз мойнына екинши бир шахс ушын мүлкий миннетлеме алыўы ямаса затқа, мал-мүлкке қарата иейлик етиў, пайдаланыў ҳәм бийлик етиў ҳуқықлары толық яки кысман субъектке тийислилигинен келип шығады.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

### I. Басшылықлы әдебиятлар:


1. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза. –Тошкент: Ўзбекистон. 2005. -64 б.
2. Каримов И. Мамлакатимиз тараққиёти ва халқимизнинг ҳаёт даражасини юксалтириш – барча демократик янгиланиш ва иқтисодий ислоҳотлариминининг пировард мақсадидир. -Тошкент: Ўзбекистон, НМИУ, 2007. -374 б
3. Каримов И.А. Барча режа ва дастурларимиз Ватанимиз тараққиётини юксалтириш, халқимиз фаровонлигини оширишга хизмат қилади. (2010 йилда мамлакатимизни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2011 йилга мўлжалланган энг муҳим устувор йўналишларга бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси). // “Туркистон”, 2011 йил 22 январь, №7 (15437).
4. Каримов И.А. Бизнинг йўлимиз демократик ислоҳотларни чуқурлаштириш ва модернизация жараёнларини изчил давом эттириш йўлидир (Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг 19 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси). // Халқ сўзи, 2011 йил 8-декабрь № 338 (5405)
5. Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади (Ўзбекистон Республикаси Президенти Ислом Каримовнинг 2011 йилнинг асосий якунлари ва 2012 йилда Ўзбекистонни иқтисодий-ижтимоий ривожлантиришнинг устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси). // Халқ сўзи, 2012 йил 20 январь №14 (5434)

## II. Нызамлар ҳәм нызам асты ҳүжжетлери:


6. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. –Тошкент: Ўзбекистон, 2010. –98 б.
7. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик кодекси. –Тошкент: Адолат. 2007. –520 б.
8. Ўзбекистон Республикасида Мулкчилик тўғрисидаги қонуни (1990 й. 31 октябр) //Ўзбекистон Республикаси Олий Советининг Ведемостлари. 1990. №31-33. 371-модда.
9. Ўзбекистон Республикасининг Хўжалик ширкатлари ва жамиятлари тўғрисидаги қонуни (2001й. 6 декабр). // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2002. 1-сон. 13-модда.
10. Ўзбекистон Республикасининг акциядорлик жамиятлари ва акциядорларнинг ҳуқуқларини ҳимоя қилиш тўғрисидаги қонуни (1996 йил 26 апрел) // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1996. 5-6-сон. 61-модда.
11. Ўзбекистон Республикасининг Хўжалик юритувчи субъектлар фаолиятининг шартномавий-ҳуқуқий базаси тўғрисидаги қонуни (1998 й. 29 август). // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1998. 9-сон. 170-модда.
12. “Тадбиркорлик фаолияти эркинлигининг кафолатлари тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикасининг 2000 йил 25 майдаги Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2000 йил 5-6 сон, 140-модда.
13. Ўзбекистон Республикасининг Нодавлат нотижорат ташкилотлари тўғрисидаги қонуни (1999 й. 14 апрел). //Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1999. 5-сон. 115-модда.
14. Ўзбекистон Республикасининг Жамоат бирлашмалари тўғрисидаги қонуни (1991й 15 феврал). //Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси. 1991. 2-сон. 21-модда.

15. Ўзбекистон Республикасининг Сиёсий партиялар тўғрисидаги қонуни (1996 й 26 декабр) //Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1996. 5-6-сон. 56-модда.
16. Ўзбекистон Республикасининг Маъсулияти чекланган ҳамда қўшимча маъсулиятли жамиятлар тўғрисидаги қонуни (2001 й 6 декабр) //Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2002. 1-сон. 6-модда.
17. Ўзбекистон Республикасининг Хусусий корхона тўғрисидаги қонуни (2003 й 11 декабр) //"Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2004 йил, 3-сон, 28-модда.
18. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 1999 йил 28 июлдаги №ПФ-2331 сонли «Молия-хўжалик фаолиятни амалга оширмаётган ва қонунчиликда белгиланган муддатларда ўзларининг устав жамғармаларини шакллантирмаган корхоналарни тугатиш тартиби соддалаштириш чора-тадбирлари тўғрисида» ги Фармони. // Тадбиркорликка оид қонун ҳужжатлари тўплами. –Тошкент: Ўз.Р.Адлия вазирлиги, 2002. -120 б.
19. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2006 йил 24 майдаги «Тадбиркорлик фаолияти субъектларини давлат рўйхатидан ўтказиш ва ҳисобга қўйишни хабардор қилиш тартиби тўғрисида»ги қарори // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис палаталари Ахборотномаси, 2006 йил 5-сон, 251-модда.
20. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2006 йил 24 майдаги қарори билан тасдиқланган «Тадбиркорлик фаолияти субъектларини давлат рўйхатидан ўтказиш ва ҳисобга қўйишни хабардор қилиш тартиби тўғрисида»ги Низом. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2006 йил 20-21-сон, 174-модда.
21. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 1995 йил 12 сентябрдаги №398-сонли қарори билан тасдиқланган “Холдинглар

тўғрисида” ги Низом. // Тадюиркорликка оид қонун ҳужжатлари тўплами. –Тошкент: Ўз.Р.Адлия вазирлиги, 2002. -134 б.

22. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 1999 йил 3 июлдаги №327-сонли «Молия-хўжалик фаолиятни амалга оширмаётган ва қонунчиликда белгиланган муддатларда ўзларининг устав жамғармаларини шакллантирмаган корхоналарни тугатиш тартиби тўғрисида»ги қарори. // Тадюиркорликка оид қонун ҳужжатлари тўплами. –Тошкент: Ўз.Р.Адлия вазирлиги, 2002. -145 б.
23. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 1999 йил 3 июлдаги №327-сонли қарори билан тасдиқланган «Молия-хўжалик фаолиятини амалга оширмаётган ва қонунчиликда белгиланган муддатларда ўзларининг устав жамгармаларини шакллантирмаган корхоналарни тугатиш тартиби тўғрисида» ги Низом. // Тадбиркорликка оид қонун ҳужжатлари тўплами. –Тошкент: Ўз.Р.Адлия вазирлиги, 2002. -146 б.
24. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 1997 йил 2 июлдаги №336-сонли «Ўзбекистон Республикасида хорижий инвестициялар иштирокидаги корхоналарни ташкил этиш давлат рўйхатидан ўтказиш ва тугатиш тартиби тўғрисида»ги қарори.// Ўзбекистон Республикаси Ҳукуматининг қарорлари теплами, 1997 йил 7-сон, 24-модда.
25. Вазирлар Маҳкамасининг 2003 йил 30 июндаги 294-сон қарорига 1-илова «Корхоналар банкротлиги ва санацияси масалалари бўйича Ҳукумат комиссияси тўғрисида» ги Низом. // Тадбиркорликка оид қонун ҳужжатлари тўплами. –Тошкент: Ўз.Р.Адлия вазирлиги, 2002. -291 б.
26. Ўзбекистон Республикаси Макроиқтисодиёт ва статистика Вазирлиги ҳузуридаги Иқтисодий ночор корхоналар ишлари қўмитаси томонидан 1999 йил 27 июлда «Корхонанинг иқтисодий ночорлиги белгиларини аниқловчи мезонлар тизими тўғрисида» ги №12-сонли қарори. // Тадбиркорликка оид қонун ҳужжатлари тўплами. –Тошкент: Ўз.Р.Адлия вазирлиги, 2002. -291 б.

**III. Тийкарғы ҳәм қосымша әдебиятлар:**

27. Бобоев Ҳ.Б. ва бошқалар. Давлат ва ҳуқуқ назарияси.-Тошкент: ТДЮИ, 2000. - 576 б.
28. Брагинский М.И., Витрянский В.В. Договорное право. -М.: Статут, 2003. -848 с.
29. Гражданское право. В 3-х т./Под. ред. А.П.Сергеева, Ю.К.Толстого.-М.: Проспект, 1997. Т.1. С. 784.
30. Гражданское право. В 3-х т. /Под. ред. А.П.Сергеева, Ю.К.Толстого.-М.: Проспект, 2003. Т.1. С.776.
31. Долинская В.В. Акционерное право.-М.:1997.-258 с.
32. Жилинский С.Э. Предпринимательское право (правовая основа предпринимательской деятельности): Учебник для вузов. – М.: Норма, 2004. –С.928.
33. Закиров И.Б. Становлние и развитие советского гражданского права в БНСР и ХНСР.-Тошкент: ФАН, 1988.-182 с.
34. Зокиров И.Б. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик ҳуқуқи.-Тошкент: Адолат, 1997.-296 б.
35. Зокиров И.Б. Фуқаролик ҳуқуқи.-Тошкент: ТДЮИ, 2006.-374 б.
36. Зокиров И.Б., Сайфуллаев Ф.Х. Совет гражданлик ҳуқуқи.-Тошкент: Ўқитувчи, 1982.-346 б.
37. Имомов Н. Тадбиркорлик фаолияти субъектлари мулк ҳуқуқининг ҳимоя қилиниши. –Тошкент: ТДЮИ. 2006. – 21-б.
38. Караходжаева Д.М. Гражданское право: субъект, объект и содержание правоотношения в условиях рынка.-Тошкент: ТДЮИ, 2004.-162 с.
39. Козлова Н.В. Учредительный договор о создании коммерческих обществ и товарществ.-М.: 1994.-165 с.
40. Комментарий к Федеральному закону об акционерных обществах. / Под. ред. М.Ю.Тихомирова.-М.:1996.-288 с.
41. Коммерческое право: Учебник /Под.ред. В.Попандопуло и В.Ф. Яковлевой. – Санкт-Петербург: 1997.-339 с.

42. Миронова М. Реорганизация и ликвидация юридических лиц: правовые аспекты.-М.:Гарант-Сибирь, 1999. -355 с.
43. Оқюлов О. Интеллектуал мулк ҳуқуқий мақомининг назарий ва амалий муаммолари.-Тошкент: ТДЮИ, 2004.-434 б.
44. Рахманкулов Х.Р., Гулямов С.С. Корпоративное право. -Тошкент: ТГЮИ, 2004.-707 с.
45. Раҳмонқулов Ҳ. Мажбурият ҳуқуқи. -Тошкент: ТДЮИ, 2005. -336 б.
46. Раҳмонқулов Ҳ. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик Кодексининг биринчи қисмига умумий тавсиф ва шарҳлар.-Тошкент: Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси, 1997.- 322 б.
47. Раҳмонқулов Ҳ.Р. Фуқаролик ҳуқуқининг предмети, методи ва тамойиллари. -Тошкент:ТДЮИ, 2003.-49 б.
48. Субъекты гражданского права. / Под. ред. С.Н.Братуся.-М.:Юридлит, 1984. -288 с.
49. Тадбиркорлик ҳуқуқи. / Масъул муҳаррир. Ф.Ҳ.Отахонов. -Тошкент: ТДЮИ, 2003.-435 б.
50. Телюкина М.В. Прекрашение деятельности юридических лиц//Субъекты гражданского права.-М.: 2000.-39 с.
51. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик ҳуқуқи (II-қисм) / Ҳ. Раҳмонқулов ва И. Зокировларнинг умумуй таҳрири остида.-Тошкент: Адолат, 1999.-559 б.
52. Хозяйственное право. / Под.ред.В.В.Лаптева.-М.:Юридлит, 1983. -528 с.
53. Юлдашев Ж.И. Акциядорлик жамиятлари – фуқаролик ҳуқуқининг субъекти сифатида. -Тошкент: ТДЮИ, 2004.-178 б.

**IV. Интернет ресурслары**

54. www.lex.uz
55. www.pravo.uz
56. www.tsil.uz